O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI FAKULTETI

Fakultet dekan?:
_____________doc. Q.Turdi’baev
«_____» _____________ 2014 j.

5220100-filologiya (Qaraqalpaq filologiyasi) bag’dar?n?n’ 4-kurs studenti Turdi’baeva Mexribanni’n’

**«G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq tariyxi’y povestlerinde qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zgesheligi (S.Bahadi’rova ha’m Ye.U’senovlardi’n’ shi’g’armalari’ mi’sali’nda)»** temasi’ndag’i'

**PITKERIW QA’NIGELIK JUMISI**

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Kafedra baslig’i: doc. Q.Yusupov  Ilimiy basshi: doc. P.Nurjanov

_________________________  _________________________

«_____» ______________ 2014j

**No’kis–2014 ji’l**

**Ma’mleketlik attestatsiya komissiyasinin’**

**QARARI :**

5220100-filologiya (Qaraqalpaq filologiyasi) bag’dar?n pitkeriwshi Turdi’baeva Mexribanni’n’ «G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq tariyxi’y povestlerinde qaharman obrazi’n jasawdi’n’ wo’zgesheligi (S.Bahadi’rova ha’m Ye.U’senovlardi’n’ shi’g’armalari’ mi’sali’nda)» atamasindag’i pitkeriw qa’nigelik jumisina

“______ ” bahasi qoyilsin

**MAK baslig’i:** ___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

**MAK ag’zalari:**

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh)

# Mazmuni’

**Kirisiw……………………………………………………………………3-6**

**I bap. Tariyxi’y povestlerde konflikt ha’m qaharman obrazi’n jasaw wo’zgesheligi……………………………………………………………...7-19**

I.1. Tariyxi’y povestlerdi izertlewdi’n’ bazi’ bir ilimiy-teoriyali’q ma’seleleri……………………………………………………………………7-11

I.2. Ye.Usenovti’n’ «Xanmaqsi’m» povestinde konflikt ha’m qaharman obrazi’……………………………………………………………………11-19

**II bap. Tariyxi’y povestlerde qaharman obrazi’n ashi’wdi’n’ wo’zgesheligi……………………………………………………………….20-42**

II.1. S.Bahadirovani’n’ «Qanati’ qayri’lg’an sun’qar» povestinde prototip ha’m qaharman obrazi’…………………………………………………………21-36

II.2. S.Bahadi’rovani’n’ «Tomaris ha’m Kir» povestinde qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi……………………………………………………36-42

**Juwmaq……………………………………………………………………….43-47**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar…………………………...………………48-50**

## Kirisiw

**Jumi’sti’n’ aktualli’g’i’:** Yelimizde g’a’rezsizliktin’ wornawi’ menen a’debiyati’mi’z jan’a ideyali’q-tematikali’q ha’m janrli’q-stillik bag’darlarda rawajlana basladi’, ko’rkemlik sapasi’ artti’. Ko’p a’sirlik rawajlani’w da’stu’rine iye poeziya menen bir qatarda, milliy proza bul da’wirde wo’zinin’ rawajlani’wi’ni’n’ jan’a basqi’shi’na wo’tti. A’sirese bul na’rse turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretlewde u’lken tabi’slardi’ qolg’a kirgizgen povest janri’na da tiyisli. G’a’rezsizlik da’wirindegi povest janri’ni’n’ rawajlani’wi’nda buri’nnan qa’lem terbetip kiyati’rg’an T.Qayi’pbergenov, Sh.Seyitov, A.Sadiqov, K.Ma’mbetov h.t.basqalar menen birlikte S.Bahadi’rova, M.Ni’zanov, K.Allambergenov, A.Sultanov, Ye.U’senov, A.A’bdiev qusag’an jazi’wshi’lardi’n’ do’retiwshiligi u’lken a’hmiyetke iye. Ati’ atalg’an jazi’wshi’lardi’n’ ishinde, a’sirese, S.Bahadi’rova, M.Ni’zanov, A.Sultanov, Ye.Yu’senovlardi’n’ g’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq povest janri’n rawajlandi’ri’wdag’i’ worni’ yelewli boldi’. Wolardi’n’ qa’lemine tiyisli shi’g’armalari’ ha’zirgi prozami’zda povest janri’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q ha’m janrli’q stillik rawajlani’wi’na u’lken ta’sir jasadi’. Usi’ ko’z qarastan wolardi’n’ g’a’rezsizlik da’wirinde jazi’lg’an S.Bahadi’rovani’n’ «Qanati’nan qayri’lg’an sun’qar», M.Ni’zanovti’n’ «Aqshagu’l», A.Sultanovti’n’ «Nekesiz muhabbat», «Jasli’qta bergen kewil», Ye.U’senovti’n’ «Xanmaqsi’m» povestlerinin’ basi’li’p shi’g’i’wi’ milliy prozami’zdi’n’ ha’r ta’repleme rawajlani’wi’na u’les boli’p qosi’ldi’.

G’a’rezsizlik da’wirindegi ha’r bir a’debiy tulg’ani’n’ ha’m woni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y turmi’si’ndag’i’ tutqan worni’n ani’qlaw bizin’ aldi’mi’zda turg’an wori’nlani’wi’ tiyis a’hmiyetli ma’selelerge kiredi. Wo’ytkeni Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ aytqani’nday: «Insandi’, woni’n’ ruwxi’y du’nyasi’n ashatug’i’n… bir qu’diretli qural bar, wol da bolsa so’zdin’ qu’direti, ko’rkem a’debiyat boli’p tabi’ladi’. A’debiyatti’n’ insandi’ tani’wshi’li’q dep, shayi’r ha’m jazi’wshi’lardi’n’ bolsa, insan ruwxi’ni’n’ injenerleri dep ta’riypleniwi biykarg’a yemes, a’lbette. …Yeger biz

Wo'zbekstani'mi'zdi' du'nyag'a tani'tpaqshi', woni'n' a'yyemgi tariyxi' ha'm jarqi'n keleshegin uli'g'law, woni' a'wladlar yadi'nda ma'n'gilik saqlamaqshi' bolsaq, yen' da'slep ulli' jazi'wshi'lardi', ulli' shayi'rlardi', ulli' do'retiwshilerdi ta'rbiyalawi'mi'z kerek. Nege degende, ulli' jazi'wshi' Sholpanni'n' aytqani'nday, a'debiyat jasasa – millet jasaydi'»[1].

**Jumi'sti'n' maqset ha'm wazi'ypalari':** Bizin' pitkeriw-qa'niygelik jumi'si'mi'zda tiykarg'i' maqset g'a'rezsizlik da'wiri qaraqalpaq tariyxi'y povestlerinde qaharman obrazi'n jasawdi'n' wo'zgesheligin ashi'p beriw boli'p tabi'ladi'. Usi' maqsetten kelip shi'g'i'p jumi'si'mi'zda to'mendegi wazi'ypalardi' wori'nlaw za'ru'rligi tuwi'ldi'.

-Ha'zirgi povestlerdi izertlewdin' bazi' bir ilimiy-teoriyali'q ma'selelerine toqtap wo'tiw;

-Ye.U'senovti'n' «Xanmaqsi'm» povestinde tari'yxi'y shi'nli'qti' ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wda jazi'wshi' sheberligin ko'rsetiw;

-S.Bahadirovani'n' «Qanati'nan qayri'lg'an sun'qar» povestinde tariyxi'y haqi'yqatli'qti' su'wretledin' wo'zgesheligin ashi'p beriw;

-S.Bahadi'rovani'n' «Tomaris ha'm Kir» povestinde qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgesheligin ani'qlaw;

**Jumi'sti'n' izertlew wobekti:** Biz jumi'si'mi'zdin' izertlew wobekti si'pati'nda belgili jazi'wshi'lar Ye.U'senovti'n' «Xanmaqsi'm», S.Bahadi'rovani'n' «Qanati'nan qayri'lg'an sun'qar», «Tomaris ha'm Kir» povestlerinin' wo'zgesheligin ha'm woni'n' qaharman obrazi'n ashi'wdag'i' a'hmiyetin ashi'p beriwdi maqul ko'rdik.

**Jumi'sti'n' teoriyali'q ha'm metodologiyali'q negizi:** Biz izertlew bari'si'nda Prezident I.A.Karimovti'n' a'debiyat ha'm ko'rkem wo'nerdi rawajlandi'ri'w haqqi'ndag'i' ko'rsetpelerin basshi'li'qqa aldi'q. Sog'an qosi'msha bizin' jumi'si'mi'zdi'n' teoriyali'q ha'm metodologiyali'q tiykari' retinde T.Boboevti'n' «Adabiyotshunoslikka kirish» (Toshkent, 2009), A.Rahimovti'n' «Roman janrining rivojlanishiga doir» (Toshkent, 1986),

[1] Karimov I. A. Joqari' ma'nawiyat – jyen'ilmes ku'sh. Tashkent, «Manaviyat», 2008, 136, 139-140-бб.

Z.Pardaevanin’ «Hozirgi wo’zbek romani» (Toshkent, 2003), ye.Qudayberdievti’n’ «Adabiyotshunoslikka kirish» (Toshkent, 2003), N.Hotamov ha’m B.Sarimsoqovti’n’ «Adabiyotshunoslik terminlarining ruscha-o’zbekcha izohli lug’oti» (Toshkent, 1979), S.Axmetov, Q.Sultanovti’n’ «A’debiyattani’w» (No’kis, 1987), S.Axmetov, J.Yesenov, Q.Ja’rimbetovti’n’ «A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi» (No’kis, 1994), M.Nurmuxamedovti’n’ «Tan’lamali’ shi’g’armalari’ni’n’ II tomli’g’i’» (No’kis, 1982), Q.Kamalovti’n’ «Qaraqalpaq povesti» (No’kis, 1981), J.Yesenovti’n’ «Sheberliktin’ si’rlari’» (No’kis, 1986), P.Nurjanovti’n’ «G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq prozasi’» (No’kis, 2003), J.Sagidullaevani’n’ «Ha’zirgi qaraqalpaq povestlerinde stillik izlenisler» (No’kis, 2010) ha’m tag’i’ basqalardi’n’ ilimiy-teoriyali’q pikirlerinen paydalani’ldi’.

Sonday-aq jumi’si’mi’zdi’ jazi’w bari’si’nda qaraqalpaq a’debiyatshi’ ali’mlari’ M.Nurmuxammedov, J.Nari’mbetov, A’.Qoji’qbaev, Q.Sultanov, S.Bahadirova, K.Mambetov, Q.Ja’rimbetov, Q.Worazi’mbetov N.Wori’mbetova, H.Wo’temuratova, ha’m tag’i’ basqa a’debiyatshi’ ali’mlardi’n’ miynetindegi ilimiy-teoriyali’q juwmaqlardi’ basshi’li’qqa aldi’q.

**Jumi’sti’n’ izertleniw da’rejesi:** G’a’rezsizlik da’wirindegi tariyxi’y povestler tuwrali’ P.Nurjanov[1], Z.Bekbergenova[2] maqalalari’n yesapqa almag’anda yele arnawli’ izertlengen joq. Sonli’qtan da biz wo’zimizdin’ bakalavr qa’niygelik jumi’si’mi’zda joqari’dag’i’ ilimpazlardi’n’ miynetlerindegi ilimiy-teoriyali’q juwmaqlari’na su’yengen halda ati’ atalg’an jazi’wshi’lardi’n’ povestlerin arnawli’ tu’rde izertlewdi maqul ko’rdik.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’:** Bizin’ jumi’si’mi’z «Kirisiw», yeki bap, «Juwmaq» ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat. I bap «Tariyxi’y povestlerde konflikt ha’m qaharman obrazi’n jasaw wo’zgesheligi» dep atali’p, wol wo’z

[1] Нуржанов П. Е.Үсеновтың «Ханмақсым» повести ҳаққында//«Қарақалпақстан жаслары», 2013, 12-декабрь; Усы автор, «Қанатынан қайрылған суңқар»дың ҳақйқатлығы//«Устаз жолы», 2013, 16-ноябрь.
[2] Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде тарийхый теманың сүўретлениўи//«Әмиўдәрья», 2008, №5-6, 119-121-бб.

na’wbetinde yeki bo’limnen: «Ha’zirgi povestlerdi izertlewdin’ bazi’ bir ilimiy-teoriyali’q ma’seleleri» ha’m «Ye. Usenovti’n’ «Xanmaqsi’m» povestinde konflikt ha’m qaharman obrazi’» bo’limlerinen turadi’. II bap «Tariyxi’y povestlerde qaharman obrazi’n ashi’wdi’n’ wo’zgesheligi» dep atali’p, wol da wo’z na’wbetinde yeki bo’limnen turadi’: 1-bo’lim «S.Bahadirovani’n’ «Qanati’ qayri’lg’an sun’qar» povestinde prototip ha’m qaharman obrazi’» dep atalsa, 2-bo’lim «S.Bahadi’rovani’n’ «Tomaris ha’m Kir» povestinde qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi» dep ataladi’. «Juwmaq»ta biz ilimiy jumi’s bari’si’nda kelgen ilimiy teoriyali’q pikirlerimiz i’qshamlasti’ri’li’p berildi. Paydalani’lg’an a’debiyatlar jumi’sti’n’ aqi’ri’nda ha’zirgi bibliografiya iliminin’ qa’delerine muwapi’q jaylasti’ri’ldi’.

# I bap. Tariyxi'y povestlerde konflik ha'm qaharman obrazi'n jasaw wo'zgesheligi

## II.1. Tariyxi'y povestlerdi izertlewdin' bazi' bir ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri

Milliy g'a'rezsizlik ji'llari'nda jari'qqa shi'qqan povestlerimiz tuwrali' so'z yetkenimizde, yen' aldi' buri'n tariyxi'y ha'm tariyxi'y hu'jjetli povestlerge di'qqat awdari'w maqsetke muwapi'q boladi'. Buni'n' yen' tiykarg'i' sebeplerinin' biri si'pati'nda wolardag'i' a'debiy konfliktler menen qaharman obrazi'n jasawda wolardi'n' avtorlari'ni'n' milliy g'a'rezsizlik ideologiyasi'na say tu'rde qa'lem terbetkenliginin' gu'wasi' bolami'z. Ati' atalg'an shi'g'armalar bizin' ko'rkem woy–pikirimiz du'nyami'zdag'i' wo'zgerislerdin' jemisi si'pati'nda jari'qqa shi'qqanli'g'i'n atap wo'tiwimiz kerek. Usi'nday ko'zqarastan kelip shi'g'a woti'ri'p, biz S.Bahadi'rovani'n' «Tumaris ha'm Kir», «Qanati'nan qayi'ri'lg'an sun'qar», Ye.U'senovti'n' «Xanmaqsi'm», A'.Paxratdinovti'n' «Aydos baba», Sh.Usnatdinovti'n' «I.Yusupov. Shayi'rdi'n' jasli'g'i'» atli' shi'g'armalari'nda a'debiy qaharmanlar obrazi' jan'asha ko'zqaras tiykari'nda jasalg'anli'g'i'n ko'remiz. Ma'selen, «Tumaris ha'm Kir» shi'g'armasi'nda tu'rkiy xali'qlardi'n' tariyxi'nda ayi'ri'qsha iz qaldi'rg'an iri tulg'a Tumaris, «Qanati'nan qayri'lg'an sun'qar» shi'g'armasi'nda ataqli' ali'm, worta Aziya a'debiyattani'w iliminde da'slepki ilim doktori', milliy a'debiyati'mi'z u'lgilerin tis ti'rnaqlap ji'ynag'an ha'm wolardi' bir ilimiy sistemag'a sali'p izertlegen ilimpaz, jazi'wshi', shayi'r, dramaturg, awdarmashi' Na'jim Da'wqaraev, XX a'sirdin' basi'ndag'i' milliy azatli'q ha'reketlerinin' ko'rnekli basshi'lari'ni'n' biri Xanmaqsi'm (Ubaydulla Bahawatdin iyshan uli'), «Aydos biy» shi'g'armasi'nda XIX a'sirdin' I yari'mi'nda qaraqalpaqlardi'n' milliy azatli'q ha'reketlerinin' basshi'si' Aydos biy, yen' keyingi ati' atalg'an povestte ataqli' shayi'r I.Yusupov si'yaqli' yel azamatlari'ni'n' jarqi'n obrazlari' talapqa muwapi'q tu'rde ashi'p berilgenligin ko'remiz. Wolarda ati' atalg'an tariyxi'y tulg'alar menen tariyxi'y g'ayratkerlerdin' a'debiy obrazlari', birinshiden, tariyxi'y jazba hu'jjetlerge tiykarlani'p jarati'lsa, yekinshiden,

xali’q arasi’nda saqlani’p kiyati’rg’an awi’zeki materiallarg’a tiykarlani’p jarati’lg’anli’g’i’ di’qqatqa i’layi’q. Ati’ atalg’an talantli’ qa’lem iyelerimiz ko’rkem a’debiyatta tariyxi’y qaharman obrazi’n do’retiwdin’ joqari’dag’i’ yeki principine say tu’rde qa’lem terbetken. Buni’n’ u’stine jazi’wshi’ ko’rkem obrazlardi’ sheber jarati’wmaqsetinde turmi’sli’q, siyasi’y-ja’miyetlik qarama–qarsi’li’qlardi’ wo’z shi’g’armalari’ni’n’ konfliktine tiykar yetip alg’anli’g’i’n abaylawi’mi’zg’a boladi’. Demek, usi’ negizgi u’sh ma’sele a’tirapi’nda, birinshiden, tariyxi’y hu’jjetlerdi, yekinshiden, awi’zeki materiallardi’ duri’s tan’lap paydalani’wdi’, u’shinshiden, da’wir xarakterine sa’ykes qarama-qarsi’li’qlardi’ shi’g’armani’n’ a’debiy konfliktlerine aylandi’ri’wdi’ sheberlik ko’rsetkenligin, usi’ni’n’ arqasi’nda a’debiy qaharmanlardi’n’ obrazlari’n teren’lestirip ashi’w imkaniyati’nan mol paydalang’anli’g’i’n biliwge boladi’.

XX a’sir qaraqalpaq prozasi’ni’n’ pu’tkil milliy a’debiyati’mi’zdi’ wo’zbekstan, buri’ng’i’ Awqam, ha’tteki, ayi’ri’m shet yellerde de tani’ti’wi’nda basli’ wori’n iyeleytug’i’ni’ bu’gingi ku’nde a’debiy-estetikali’q woy-du’nyami’zda moyi’nlang’an shi’nli’q. Bunda roman janri’ni’n’ salmaqli’ wori’n iyeleytug’i’nli’g’i’na daw joq. Degen menen, turmi’s shi’nli’g’i’n epikali’q jobada su’wretlewdin’ ja’ne bir tu’ri bolg’an povest janri’ da wo’zine jarasa ju’kti tarti’p ju’rmekte. Wol XX-XXI a’sirdin’ a’debiyati’nda da’wirden’ yen’ quramali’ ha’m qospali’ ma’selelerin su’wretlewde, zamanlaslari’mi’zdi’n’ ruwxi’y kelbetin ashi’p beriwde wo’zinin’ i’layi’qli’ worni’na iye boldi’. Bul jo’ninde qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde M.Nurmuxamedov, S.Axmetov, Q.Maqsetov, K.Ma’mbetov, S.Allayarov, Z.Nasrullaeva, A’.Nasuri’llaev, G.Yesemuratov, S.Bahadi’rova, keyin ala, Q.Ja’rimbetov, K.Allambergenov, I.Wo’tewliev, J.Yesenov, Q.Worzi’mbetov, P.Nurjanov, Z.Bekbergenova, H.Wo’temuratova ha’m t.b. a’debiyatshi’lari’mi’zdi’n’ miynetlerinde bahali’ pikirler bar. Bul janrdi’n’ tuwi’li’wi’n, qa’liplesiwin, rawajlani’w evolyuciyasi’n, sonday-aq, wonda ko’rkem psixologiyali’k su’wretlewdin’ a’hmiyetin qaraqalpaq a’debiyatshi’-ali’mlari’nan Q.Kamalov, J.Yesenovlar arnawli’ tu’rde izertledi ha’m wo’zlerinin’ ilimiy-teoriyali’q juwmaqlari’n

«Qaraqalpaq povesti», «Sheberliktin’ si’rlari’» atli’ monografiyalari’ arqali’ baspadan shi’g’ardi’. G’a’rezsizlik da’wirine kelip 1980-ji’llardag’i’ povestlerdin’ stillik wo’zgeshelikleri boyi’nsha J.Sag’idullaevani’n’ kandidatli’q dissertaciyasi’ jaqlandi’. Woni’n’ bul bag’darda bir qansha di’qqatqa i’layi’q maqalalari’ jari’q ko’rdi. Bunnan basqa da bul janrdi’n’ qaraqalpaq prozasi’ndag’i’ tutqan worni’ ayi’ri’m shi’g’armalardi’n’ ko’rkemlik wo’zgeshelikleri, turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretlewdegi a’hmiyeti ha’m t.b. boyi’nsha bir qansha maqalalar, recenziyalar jari’q ko’rdi. Degen menen, bu’gingi ku’ni payda bolg’ani’na 70 ji’ldan aslam waqi’t wo’tken, wo’zinin’ sani’ ha’m sapasi’ boyi’nsha da prozami’zda salmaqli’ wori’n iyelep u’lgergen. Bull janrdi’n’ izertleniwin bu’gingi ku’n talabi’na juwap beredi depaytvwg’a bolmaydi’. A’sirese, qaraqalpaq milliy povestinin’ janrli’q ham stillik wo’zgesheliklerin teren’irek, bir teoriyali’q problema a’tirapi’na ja’mlep izertlewge arnalgan miynetler joqti’n’ qasi’nda. Al, Q.Kamalovti’n’ «Qaraqalpaq povesti» miynetinde bul janrdi’ izertlewde wobzorli’q si’pat basli’ wori’ng’a shi’g’i’p ketken. Buni’n’ u’stine wonda ju’da’ ken’ ko’lemli material ilimiy talqi’g’a tarti’lg’anli’g’i’ ilimpazg’a 1950, 1960 ha’m 1970-ji’llardag’i’ qaraqalpaq milliy povestinin’ rawajlani’wi’ndag’i’ sheberlik ma’selesin teren’ ha’m analitikali’q bag’darda ashi’wg’a mu’mkinshilik bermegendey ko’rinedi, bizin’she. Al, 1990-2010-ji’llar arasi’ndag’i’ povestlerimiz ara-arasi’nda «Ji’ldi’n’ juwmag’i’»na arnalg’an maqalalarda, ayi’ri’m recenziyalarda g’ana so’z yetilgen bolmasa, yele arnawli’ tu’rde izertlengen joq. Degen menen, bul da’wir povestlerin arnawli’ tu’rde ilimiy talqi’g’a tarti’w bu’gingi ku’ndegi a’hmiyetli ma’sele boli’p tabi’ladi’. Wo’ytkeni bul da’wir povestleri XX a’sirdin’ alg’a qoyg’an a’hmiyetli waqi’yalari’n, zamanlaslari’mi’zdi’n’ ruwxi’y kelbetin, totalitar du’zimnin’ bar qarama-qarsi’li’qlari’n, jeke adamg’a si’yi’ni’wshi’li’qti’n’, yekinshi jer ju’zlik uri’sti’n’, xali’q xojali’g’i’ni’n’ ko’plegen tarawlari’ndag’i’ ko’zboyamashi’li’q penen ni’zamsi’zli’qti’n’ aqi’betlerin su’wretlewde a’dep-ikramli’li’q, moral problemalari’n ashi’wda aytarli’qtay tabi’slarg’a yeristi. Buni’n’ u’stine usi’ waqi’tqa shekem

povestlerimiz ko’binese ideyali’q-tematikali’q, mazmunli’q ko’zqarastan g’ana izertlenip kelgen yedi. Al, woni’n’ janrli’q-stillik salalardag’i’, qaharman obrazi’n jasaw bari’si’ndag’i’, ko’rkem tilindegi wo’zgeshelikler yele izertleniwin ku’tip turi’pti’.

Ha’zirgi da’wirge kelip milliy povestimizdin’ a’skeriy, detektiv, liriko-psixologiyali’k, memuarli’q, wo’mirbayanli’q, tariyxi’y, fantastikali’q, mistikali’q, hu’jjetli povest si’yaqli’ tu’rleri, sonday-aq povest-esse, qosi’q penen jazi’lg’an povest t.b. formalari’ payda boldi’. Wolarda turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretlewdin’ realistlik formasi’nan basqa romantizm metodi’na ta’n wo’zgesheliklerdi, keyingi da’wirlerde janlani’p qalg’an modernizm, absurd a’debiyati’ni’n’ belgilerin de ko’riwge boladi’. Bul na’rse ha’zirgi zamanlasi’mi’zdi’n’ quramali’ ta’biyati’n isenimli tu’rde su’wretlewge degen jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ umti’li’si’nan, wolardi’n’ janrli’q ha’m stillik, sonday-aq, ko’rkem metod salasi’ndag’i’ izlenislerinen tuwi’li’p woti’r. A’ne, usi’ si’yaqli’ ma’selelerdi bu’gingi ku’n talabi’nan, buri’ng’i’ steoreotiv ha’m dogmalardan quti’lg’an halda ilimiy talqi’g’a tarti’w yen’ a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri. Buni’n’ u’stine povest janri’ XX a’sir qaraqalpaq prozasi’ni’n maqtani’shi’ bolg’an roman janri’n do’retiw joli’nda da jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ wo’z ta’jiriybelerin artti’ri’w mektebi boldi’, wog’an jetiw joli’nda ko’pir xi’zmetin atqardi’ desek asi’ra siltewshilik bolmaydi’. Demek, bas janrdi’n’ wo’zgesheligin iyelewde povest janri’ni’n’ a’hmiyeti u’lken. Demek, jazi’wshi’lari’mi’zda romanli’q woylaw qa’biletin qa’liplestiriwdegi povest janri’ni’n’ tutqan worni’n ashi’p beriw bu’gingi a’debiyattani’w ilimimizdin’ aldi’nda turg’an ja’ne bir a’hmiyetli ma’selenin’ biri boli’p tabi’ladi’. Buni’n’ u’stine lirikali’q ha’m epikali’q ha’tte lramali’k si’patlardi’n’ sintezin wo’zinde ja’mlew joli’nda u’lken ta’jiriybe mektebi bolgan povestimiz XX a’sir qaraqalpaq romani’na liriko-psixologiyali’q, psixologiyali’q, dramali’q su’wretlew usi’llari’n yendiriw, wolardi’n’ a’debiy qaharmanlardi’n’ quramali’ ta’biyati’n ashi’p beriw qusag’an a’hmiyetli funkciyalari’n ashi’p beriw ma’selesi de ashi’q turi’pti’. Demek, lirikali’q ha’m

epikali’q, ha’tte–janrlardi’n’ wo’z-ara ta’sirinen, wo’z-ara bir-birin bayi’ti’wi’nan tuwi’lg’an ko’p g’ana povestlerimiz a’debiyati’mi’zdag’i’ aralas janrlardi’n’ qa’siyetlerin izertlewge de i’layi’qli’ wobekt bolatug’i’nli’g’i’ ta’biyiy na’rse. Sonday-aq, ha’zirgi da’wirde wo’zinin’ ko’rkem quri’li’si’nda epikali’q ha’m dramali’q si’patlardi’ ja’mlegen povestlerimiz benen romanlari’mi’z da barshi’li’q. Wolar u’lken bir ko’rkem bag’darg’a aylanbaqta. Bug’an T.Qayi’pbergenovti’n’, K.Raxmanovti’n’, Q.Ma’tmuratovti’n’, M.Ni’zanovti’n’ h.t. basqalardi’n’ ayi’ri’m shi’g’armalari’ mi’sal bola aladi’. Demek, ha’r qi’yli’ a’debiy tu’rlerdin’, janrlardi’n’ qa’siyetlerin wo’zinde ja’mlegen povest ha’m roman janri’ yele ko’plegen ilimiy jumi’slarg’a i’layi’q ko’rkem wobekt bolatug’i’nli’g’i’ ta’biyiy na’rse.

## I.2. Ye. Usenovti’n’ «Xanmaqsi’m» povestinde konflikt ha’m qaharman obrazi’

Milliy g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ povestler arasi’nda jas qa’lem iyelerinin’ biri Yesnazar U’senovti’n’ «Xanmaqsi’m» shi’g’armasi’nda da tariyxi’y qaharman obrazi’ jan’asha ko’zqarastan ali’p su’wretlengenligi menen di’qqatti’ wo’zine qaratadi’. Sebebi, usi’ waqi’tqa shekem tariyx ilimi menen ko’rkem a’debiyatta Xanmaqsi’m–Ubaydulla Bahawatdin uli’ unamsi’z tiplerdin’ biri, xali’q yezip kelgen ruwxaniyler qatari’nda sa’wlelengen bolsa, al bunda g’a’rezsizlik ruwxi’ni’n’ ko’zqarasi’nan ali’p, jazi’wshi’ milliy azatli’q ha’reketinin’ jolbasshi’lari’ni’n’ qatari’nda, haqi’yqat xali’q g’amxorshi’si’, xalqi’mi’zdi’n’ wo’tkendegi ma’deniy, ruwxi’yli’q ha’m a’dep ikramli’q salt–da’su’rlerin qorg’awshi’, yeldi wori’slardi’n’ basi’p ali’wi’nan asi’rawshi’, watani’mi’zdi’ jat jerliklerdin’ ayaq asti’ yetiwinen tazarti’wshi’lardi’n’ biri si’pati’nda ali’p su’wretlengen. A’lbette, tariyx ilimi menen buri’ng’i’ ko’rkem a’debiyattag’i’ wori’n ali’p ketken unamsi’z tendenciyag’a birden qarsi’ turi’p, jan’asha jol tawi’p ha’m woni’ ko’rkemlik poetikali’q principte su’wretlew an’satqa tu’speydi. Bul ushi’n yen’ aldi’ menen jan’asha turmi’sli’q materiallar menen birge buri’ng’i’ qarama–qarsi’ bolg’an ko’rkemlik yestetikali’q,

poetikali’q principlerdi de jazi’wshi’ wo’z boyi’na turaqli’ tu’rde qa’liplestirip ali’wi’ lazi’m. Usi’ ko’zqarastan alg’anda Ye. U’senovti’n’ povestinde tilge alarli’q ko’p g’ana tabi’slar bar.

Jazi’wshi’ yen’ aldi’ menen sol wo’tken a’sirdin’ jigarmalanshi’ ji’llari’ndag’i’ basli’ a’debiy qaharman wo’mir su’rgen turmi’sli’q wortali’q Xalqabad xalqi’ni’n’ wo’mirin jaqsi’ izertlep bilip ali’p, sol yeldin’ salt–da’stu’r, tirishiliginin’ negizgi qa’siyetlerin, basli’ wo’zgesheliklerin jetkilikli u’yrengen, son’i’nan qa’lem iyesine buri’ng’i’ ruwxaniylerdin’ ishki du’nyasi’ menen wo’mirge, turmi’sqa, ja’miyetke ko’zqaraslari’ni’n’ progressiv ta’replerin de sezimtalli’q penen xatqa tu’siriwge tuwra kelgen. Atap aytqanda, ruwxani’ylar topari’na kiretug’i’n yeski sawatli’ kisilerdin’ ati’, ismi sha’riplerinin’ wo’zi bizlerge qarag’anda wo’zgeshelew boli’p, wolardi’n’ so’ylegen so’zleri, woti’ri’s –turi’slari’, so’ylesiw maneralari’ da basqashalaw boli’p keletug’i’ni’ ani’q. Ye. U’senov, mine, yen’ aldi’ menen usi’nday si’patli’ belgilerdi shi’g’armada sol da’wirdin’ tariyxi’y kartinasi’n jarati’w ha’m a’debiy qaharman obrazlari’n ashi’w joli’ndag’i’ konfliktler tan’lawda basli’ itibarg’a alg’anli’g’i’ di’qqatqa miyasar. Mi’sali’, povest baslani’wdan–aq, wol diniy ruwxani’ylarg’a arnalg’an shi’g’arma yekenligin mi’naday qatarlardan–aq ayqi’n sezilip turadi’. «Ha’y–ya alas sala–a–a!... Targ’i’llani’p shi’qqan azan dawi’si’ menen ta’n’irdin’ tag’i’ bir tan’i’ atti’. Tirishilik turmi’sti’n’ g’alma–g’ali’ baslandi’. Iyshan qaladag’i’ i’lay paqsali’ minardan shi’qqan hawaz Na’jim iyshanni’n’ sharda’resinin’ u’stinen aylani’p wo’tip turdi’»[1].

Bul qatarlardag’i’ so’zlerdin’ leksikali’q quri’li’si’ menen sintaksislik, stillik bag’dari’ da biz aytqan ruwxani’ylar turmi’si’na bari’p taqalatug’i’n si’yaqli’ ha’m sol ruwxani’lar tilinin’ geypara wo’zgeshelikleri menen ti’g’i’z baylani’sli’ boli’p keledi. So’ytip bari’p, jazi’wshi’ tag’i’ da woni’ mi’naday ku’ndelikli turmi’s tirishiliginin’ detallar ha’m konkret Xalqabad a’tirapi’na jaqi’n jerdegi Qaraqalpaq ruwlari’ jaylasqan ma’kanni’n’ mi’naday wo’mir

[1] Үсенов Е. Ханмақсым. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997, 3-б. (yendigi mi’sallar usi’ basi’li’mnan ali’nadi’, qawi’s ishinde tek beti ko’rsetiledi.)

kartinalari’ menen aji’ralmas tu’rde ulasti’ri’p jiberedi. «Dawi’s qarg’anni’n’ shi’g’i’si’nda ko’she–ko’she boli’p uyli’g’i’si’p qalg’an wotawlar, jer to’le, i’lashi’qlar arasi’ menen Qanji’g’ali’ awi’li’na shekem tal–tal yesitilip turadi’. Islam ahidlari’na sadi’q bolg’an musi’lman ahlini ju’reklerin dir–dir silkindirip, kewillerine jaqsi’li’q sharapati’n quyi’wshi’ bunday qira’a’tti usi’ a’tirapta jaylasqan beqsi’yi’q penen qazayaqli’, qan’li’ ha’m a’ytekeler g’ana yemes, qi’tay–qi’pshaq, keneges–man’gi’t yelatlari’ da yesitpegenine atam zaman bolg’an qusaydi’… usi’ qorg’ang’a tiykar alg’an atasi’ du’nya menen xoshallayar ayti’sqanda Qaliyla axun i’lay suwdi’ shambi’rlati’p, awi’ldi’n’ shan’i’n aspang’a ko’terip ju’rgen woyi’n balasi’ yedi. «Keshe yedi doqpash asi’g’i’na ji’law berip ju’rgenimiz, bu’ginliginde ma’pilik g’arri’ boli’ppi’z. Wo’mir degen–a’…!»–dep qoyadi’ wo’zinshe. Wol da’ret ali’p ju’rgen talabalardi’ qi’si’ndi’rmayi’n dedi me, medrese jataqxanalari’n aylani’p wo’tip, paqsani’ jag’alap, meshit tarepke ketti» (3-bet).

Mine, usi’ Qaliyla axun, Na’jim iyshan, wolardi’n’ joqarg’i’ qalalardag’i’ diniy medreselerde birge woqi’g’an basqa da ta’lip ilimli jasi’u’lkenlerdin’ usi’ saparg’i’ so’ylesiwlerinin’ de basli’ temasi’ xali’qti’n’ sol ku’ngi turmi’s tirishiliginin’ kem–kemnen to’menlep barati’rg’anli’g’i’, ashli’q, si’rttan basi’p ali’wshi’ toparlardi’n’ u’stemlik yetip barati’rg’anli’g’i’ haqqi’nda boladi’. Wolar a’sirese, tu’rkmen yawmi’tlari’ni’n’ wozbi’rli’g’i’ menen yeldegi boli’p ati’rg’an siyasi’y–ja’miyetlik awdari’spaqlarg’a yeliklegen jaslardi’n’ kem–kemnen a’dep ikramli’q, moralli’q jaqtan baskashalaw boli’p «buzi’li’p» barati’rg’ani’ haqqi’nda so’ylesedi. «—…Ashli’qtan tari’qqan jigit–jelen’, g’arri’–qurtan’ kollari’na bel, ketpen ali’p, ko’ldegi jeken tami’rlari’n suwi’ri’p jey basladi’. Birewler buni’ «atshoqay ji’li’» desip ju’r. Jabayi’ sho’ptin’ da’nlerin qaynati’p jegen ag’ayinler «qara tari’ ji’li’» desetug’i’n qusaydi’....

—Jag’daydi’ tu’sinemiz, shoplerdin’ tu’birin, japi’rag’i’n mal worni’na jegen adamda qanday ku’sh–quwat, hal–da’rmen boli’wi’n?!

—…Wo’tken ji’li’ awi’ldi’ ti’ri’spay keseli basti’. Qaysi’ awi’ldan wo’tsen’ de wotawlar menen jer to’le aldi’nda shoq–shoq boli’p shuwlasi’p ati’rg’an xali’q…».

«Axun ag’a, xanli’qqa kelip ati’rg’an xabarlarg’a qarag’anda kindik qani’mi’z tamg’an Xorezm woypati’ g’ana yemes, yeller awzi’nda da awi’zbirshilik qashi’p, du’nyani’n’ wo’zi shaypati’li’p turg’an qusaydi’. Bilmedi, bul bendeler wo’tkinshi du’nyada ne bo’lise almay ati’rg’anli’g’i’n?! Wori’si’yatti’n’ ta’siri ku’sheyip, musi’lman bendelerin aqi’ldan azg’i’ri’p baslamaqta…» (5-6-betler).

Haqi’yqati’nda da, qanday toparg’a kiretug’i’n adamlar bolsa da, bul so’zler sol ji’llardi’n’ shi’nli’g’i’na toli’q sa’ykes keletug’i’n jag’daylardi’ ta’riyplep turar yedi. Ulamlar, yeskishe sawati’ mol kisiler, axun–iyshanlar, solardi’n’ sha’kirtleri de, mine, usi’nday yen’ aldi’ menen pu’tkil yel xali’qti’n’ g’ami’n woylawshi’ ga’plerdi ayti’p so’yleydi. Bulardi’ jazi’wshi’ povestte sol da’wir insanlari’ni’n’ ruwxi’y ishki xalati’n sa’wlelendiriwde dialog usi’li’nda wori’nli’ tu’rde qi’sqa–qi’sqa formada sheberlik penen paydalang’ani’ seziledi. Usi’nday so’ylesiwlerdin’ birinde, wolardi’n’ tiline Ubaydulla Bahawatdin uli’ni’n’ ati’ da tu’sip ketedi. Wolar bul jigit, yag’ni’y keleshek «Xanmaqsi’m» haqqi’nda mi’naday deydi: «Qaytarda medreseni adaqlap ati’rg’an inimiz Ubaydullajandi’ da ala qaytarsan’ degenim bar…

—Jollari’mi’z alshaq tu’sip, diydar ko’riw nesip qi’lmag’an yeken–da’! Axun ag’a, sol tentegin’izden ulamadan ko’re bati’r, yelge basshi’ bolg’anday shi’g’ama dep qaldi’m. Awzi’ baslari’n saqal basqan woralskiyler menen de til tabi’si’p barati’r wol. Ka’rwanlar menen jasi’ri’n keletug’i’n inglis, tu’rk kitaplari’ da qoli’nan tu’speytug’i’n qusaydi’… Saw bolsi’n!» (5-bet).

Bul bolaji’q Xanmaqsi’m–Ubaydulla Baxawatdin uli’na jasi’u’lkenlerdin’ simpatiyasi’ni’n’ da’slepki ko’rinislerinin’ biri si’pati’nda ali’p su’wretlengen.

Solay yetip, jergilikli ulamalar tek g’ana yeldin’ turmi’s tirishiligi haqqi’nda yemes, al du’nyawiy ilimler, uli’wma filosofiyali’q, uli’wma adami’yzatli’q a’hmiyetke iye bolg’an ma’seleler haqqi’nda bas qati’ri’p

so’ylesip woti’radi’. Solardi’n’ birinde, usi’ talifilimli ulamalardi’n’ tiline ataqli’ Xoja Axmet YAssawiydin’ mi’naday qatarlari’ da ilingen yedi.

«Wo’tkinshi bil, bul du’nya ha’mmemizden wo’tedi,
Isenbe sen mali’na, wol da qoldan ketedi.
Ata–ana, qari’ndas, hesh kim bolmaydi’ joldas,
To’rt ayaqli’ shaban at, sag’an bir ku’n jetedi…» (7-bet).

Wolardi’n’ usi’nday ga’plerge woy jiberip qatnas jasawlari’, a’lbette, sol waqi’ttag’i’ qaraqalpaq xalqi’nan shi’qqan ulamalardi’n’ tegin bolmag’anli’g’i’, wolardi’n’ wo’z da’wirlerine sa’ykes bilimler ali’p, xali’q g’ami’n woylap woti’rg’anli’g’i’n ko’rsetetug’i’n faktler si’pati’nda jazi’wshi’ buni’ su’wretlep woti’r. Sebebi, bul qosi’q qatarlari’ sol imam iyshanlardi’n’ birinin’ tilinen ayti’ladi’ da, sol arqali’ jazi’wshi’ xali’q ma’deniyati’ menen iliminin’, woni’n’ aqi’l–parasat da’rejesinin’ wo’risin ko’rsetip su’wretlewge mu’mkinshilikler tabadi’. Wolardi’n’ bulaysha so’ylesip, usi’lay ji’ynali’p ma’sla’het quri’wlari’ni’n’ bas maqseti xali’qti’ jat yelliklerdin tu’rkmen yawmi’tlari’nan qorg’awshi’ topar du’zip, sog’an xan saylaw yedi. Usi’ xanli’qqa Xalqabad aymag’i’ni’n’ Iyshan qala topari’nda jasawshi’ xali’qlar ati’nan Ubaydulla Bahawatdin uli’ saylanadi’. «Quri’ltayg’a ji’ynalg’an won’ jag’ali’qtag’i’ qaraqalpaqlardi’n’ ruw basshi’lari’, qa’tquda, bay, sawdagerlerinin’ sheshimi usi’lay boldi’… Hasli’ ati’ Ubaydulla bolsa da ag’a, ini, jen’ge, kelinlerinin’ «xan ag’a», «maqsi’m bala»–dewi menen xap zamatta «Xanmaqsi’m» atali’p ketti» (17-bet). So’ytip, «Xanmaqsi’m jumi’sti’ xali’qti’n’ yesabi’n ali’wdan basladi’. Yesker sali’g’i’n ba’nelep ha’r u’yden bir qosi’wi’stan biyday ji’ynatti’. Tu’tin tu’tietken shan’araqlardi’n’ sani’ qi’ri’q mi’n’nan asi’pti’. Jet u’y bir no’ker beretug’i’n boli’p, azi’q awqati’n ko’teriw sha’rti de qosa ju’klendi… mi’n’ basi’, ju’z basi’, yeliw basi’, won basi’lar tayi’nlandi’». «…rejede ko’rsetiliwinshe xan barli’q ku’sh–g’ayrati’n xali’qti’n’ ku’n ko’risin jaqsi’lawg’a, jaslardi’ sawatlandi’ri’wg’a ayanbay jumsawi’ kerek yedi. Xan, bul maqsetti qurani’ ka’rimdi man’layi’na tiygizip, bawi’ri’na basi’p aytqan anti’nda atap wo’tken» (18-bet).

Qullasi’, xanli’qti’ moyni’na alag’an Ubaydulla Bahawatdin uli’ rejelenge ha’m wo’zi bergen anti’na muwapi’q tu’rdegi wazi’ypalardi’ inta jiger, hadal ju’regi menen wori’nlay baslaydi’. Na’tiyjede, wol du’zgen no’kerler ta’repinen yawmi’tlar qi’rg’i’ng’a ushi’rap, wolar aqi’r ayag’i’nda bul xanli’q penen kelisimge de kelip, yendi bul toparlar usi’ xanli’q sorami’na shabi’wi’l jasamaytug’i’n kelisim du’zildi. Solay yetip, xali’q tilegi ha’m ulamalar usi’ni’si’ menen de yeldin’ ati’ «Xalqabad» dep atala baslaydi’. Bul shi’g’armada mi’naday yetip ko’rkemlik poetik formada berilgen:

«—Xan ag’a tu’rkmenler menen kelisipti!

—Yendi yelge shappaytug’i’n boli’pti’!

—Tonag’an zatlari’n yelge pullay to’lep, a’ketken qi’zlari’mi’zdi’ qaytari’p beretug’i’n qusaydi’!

—Alaqay yendi xalqi’mi’z abad boladi’!...

—Xalqabad! Xalqabad! Xalqabad!

Bul 1918-ji’ldi’n’ fevral aylari’ yedi…» (21-bet).

Mine, bul shi’nli’q jazi’wshi’ ta’repinen sol ji’llardag’i’ tariyxi’y haqi’yqatli’qqa sa’ykes kelerlik da’rejede poetikali’q tu’rde uli’wmalasti’ri’li’p ali’ng’an yedi. Soni’n’ menen qatar, woni’ jazi’wshi’ geypara wori’nlarda publicistikali’q tilde de avtorli’q bayanlaw menen berip bari’p, son’i’nan xali’qti’n’ ku’n ko’ris tirishiliginin’ abadanli’g’i’ menen bir qansha yekonomikali’q jaqtan da jaqsi’lani’wi’ni’n’ ko’rinislerin usi’ a’tiraptag’i’ Shi’ni’qul baydi’n’ toyi’ menen janlandi’ri’p, bir qansha sheber su’wretlewge yerisken. Wolardag’i’ wortag’a tu’sken palwanlar gu’resi menen at shabi’slar, i’laq woyi’nlari’ menen qoshqarlar du’gistiriw, qi’z–jigitler ayti’si’, baqsi’lar, ji’rawlar namalari’ ha’m tag’i’ basqalar menen qatar jaslar woyi’n–zawi’qlari’nda ayti’lg’an xali’q, yel basshi’si’na i’rzashi’li’qti’n’ belgisi si’pati’nda «Xanmaqsi’m» qosi’g’i’ sol waqi’tlardag’i’ xali’q waqti’ xoshli’g’i’ni’n’ gu’wasi’n korsetip turar yedi. Jazi’wshi’ sol sebepli de toy tamashalari’n sheypara detallasti’ri’p su’wretlewler menen qatari’ «Xanmaqsi’m» qosi’g’i’na mi’naday qatarlardi’ keltirip, toy saltanatlari’ni’n’

bari’si’n g’ana yeiem, al sol da’wirdegi xali’q kewil ku’yinin’ ishki si’patlari’n, wolardi’n’ wo’z basshi’si’, sa’rkardasi’na su’yispenshiligi menen sadi’qli’g’i’ su’wretlengen. Qaran’i’z:

«Xanmaqsi’m kiyati’r qi’zi’ldan asi’p,
Izinde qi’ri’q jigit wo’kshesin basi’p.
Iyninde besh atar da’ryaday tasi’p,
Qi’ri’q jigitke basshi’ bolg’an Xanmaqsi’m.
… Bes qalag’a ma’lim bolg’an Xanmaqsi’m…

Won’ jag’i’nda shalqi’p tuwg’an aylari’,
Bag’i’ bostan bolg’an ma’kan jaylari’,
Shi’ni’qulday boldi’ woni’n’ baylari’,
Xalqabadti’n’ ati’n qoyg’an Xanmaqsi’m.

…Qi’rmanlardan da’n tolti’rg’an qapshi’qqa,
Awqat ushi’n ja’rdemlesken ashli’qqa,
Ashlardi’ jetkerip waqti’ xoshli’qqa
Shi’ni’qulday ma’rtlerin’ bar Xanmaqsi’m» (22, 25-26-betler).

Haqi’yqati’nda da, sol waqi’tlari’ tek g’ana Xanmaqsi’m yemes, al «Shi’ni’qul baydi’n’ toyi’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ma’deniyati’, tariyxi’, milliy u’rip a’det, da’stu’rlerinin’ yen’ jaqsi’ u’lgilerinbir wori’ng’a ja’mlep, son’g’i’ a’wladqa u’lgi retinde ayta ju’rerliktey toy bolg’an yedi» (29-bet). Sol sebepli de, xali’q arasi’na ken’ tarqali’p ketken Xanmaqsi’m haqqi’ndag’i’ qosi’qta woni’n’ ati’ u’lken tulg’a retinde unamli’ si’patta tilge ali’ng’an. Usi’ pikir ha’m woylardi’ jazi’wshi’ hu’jjetli tariyxi’y povestte duri’s qollani’p, woni’ poetikali’q sheberlik penen isletkeni sezilip tur. A’tten’, bunday turmi’s tirishiligi menen abadanshi’li’q, milliy azatli’q ha’reketleri menen uli’wma yel basshi’lari’ni’n’ yerkinligi menen xali’q abadanli’g’i’ uzaqqa barmaydi’. Povestte su’wretleniwinshe aradan to’rt ji’l wo’tkennen keyin yel basshi’si’ Xanmaqsi’m qamaqqa ali’nadi’. Wol basqalar qatari’ To’rtku’l

xamaqxanasi'ni'n' suwi'q ha'm sasi'q wo'jirelerinde azap ko'riw menen qatar, wog'an jazi'qsi'z jala jabi'li'p, tergewshi Vashurin ta'repinen (a'lbette, joqardag'i'lardi'n' tapsi'rmalari' menen) zorli'q arqali' wori'nsi'z tu'rde ayi'pti' moyi'nlawg'a ma'jbu'rlenedi. Buni'n' sebebi, Xanmaqsi'mdi' yen' aldi' menen woni'n' wo'z doslari', wo'z isengen adamlari' satqan yedi. Bulardi' jazi'wshi' a'debiy qaharmanni'n' tyurmada woti'rg'an waqi'tlardag'i' yadqa tu'siriw menen ko'z aldi'na yelesletiwleri arqali' berip te kompoziciyali'q jan'ashi'lli'q penen su'wretlep, woqi'wshi'lardi' zeriktirmey woti'ri'p, syujetke jan yendirip sa'wlelendiriwi maqsetke muwapi'q keledi. Bunday syujetlik–kompoziciyali'q jaqtan poetikali'q a'hmiyetke iye yelesletiwler tek g'ana ko'rkemlik a'hmiyetke iye boli'p qalmastan, al wol a'debiy qaharmanni'n' woyshan' si'patlari'n ashi'wg'a da wo'z unamli' tiygizgenligi a'hmiyetli fakt.

Duri'si'nda da, usi'laysha jazi'qsi'z ayi'plani'p, a'ytewir na'rseler ushi'n qamaqxanada azap aqi'retler ko'riw menen g'ana sheklenbey wo'lip ketip ati'rg'anlardi'n' sani' sheksiz yedi. Buni'n' ayqi'n bir mi'sali' si'pati'nda jazi'wshi' sol irkiwxanada Xanmaqsi'm menen birge woti'rg'an Sulayman ata degen kisinin' ta'g'dirin su'wretlew arqali' sa'wlelendirgen. Bul jerde de qa'lem iyesi qosi'msha syujetke jan berip, uli'wma syujet bari'si'n izbe –iz xronologiyali'q tu'rde su'wretlemesten, al sol qosi'msha syujetlik ha'diyselerdi de Sulayman atani'n' Xanmaqsi'mg'a ayti'p bergen a'n'gime–gu'rrin'in dialog arqali' su'wretlep, aytarli'qtay poetikali'q tabi'slarg'a, woqi'wshi'lar ushi'n yemocionalli'qqa yerisken. Atap aytqanda, irkiwxanada Xanmaqsi'm menen Sulayman atli' g'arri' wortasi'nda mi'naday gu'rrin'ler boli'p wo'tedi:

«—Qartayg'anda qamaqqa alg'anday ne gu'nan' boldi', ata?

—Xey–y, sen sorama, men aytpayi'n, balam! Jasi'm jetpiske kelgende ata –babamda joq a'detti qi'li'p, Sovet hu'kimetine awdarmaqshi' bolg'an qusayman. Xali'q dushpani'man… G'arri' tu'tep ketti. —…Sag'an da hesh ga'p Maqsi'mjan! Quda bergen jasi'n' woti'zdi'n' woyaq–buyag'i'nda shi'g'ar? Birewlerden yesitiwimshe bul jerde jigirme bes ji'ldan kem bermeydi desedi. Ari' barg'anda yeliw bes jasi'n'da woshaq basi'n'a woralarsan'! Mi'na, menin'

lashi’m yendi qayaqlarda qaladi’? Tuwg’an jerdin’ topi’rag’i’ buyi’rmay, yendi kepinsiz ko’miletug’i’n boldi’m–aw! Way–way–way!

G’arri’ jas baladay yen’irep jiberdi» (30-31-bet).

Bul sol ji’llardag’i’ shi’n ma’nisindegi nag’i’z repressiyali’q siyasatti’n’ naq na’tiyjelerinin’ bir ko’rinisi yedi. Sol si’yaqli’, Xanmaqsi’m da jazi’qsi’z tu’rde jazalani’p, wol Sovet hu’kimtei dep atalg’an siyasatqa xi’zmet yetip ati’rg’an ji’llari’ tosattan u’yinen uslap a’kelip qamalg’ani’ povestte woni’n’ tyurmada woti’ri’p yeslewleri arqali’ su’wretlengen. Al, woni’n’ bir kameradag’i’ woti’rg’an Sulayman atli’ g’arri’ni’n’ qamali’w sebebi bolsa, wo’zi ayti’p bergeni boyi’nsha mi’naday bolg’an yeken:

«—Qarag’i’m–aw, yesli, sawatli’ jigitsen’! Wo’zin’–aq bir woylani’p ko’r! NKVD ni’n’ adamlari’ shaqi’ri’p ali’p, hu’kimetke qarsi’ qanday jala, wo’sek aytti’n’ dese, men ne deymen? Hu’kimetke qarsi’ ga’p qanday boladi’? Men qayaqtan bilemen! Sharbaq degen bir u’lken saray, wog’an kimler kelip ketpeydi?! Neler ayti’lmaydi’?! Qaysi’ biri yadi’mda qaladi’?!... Ayi’bi’m shay tasi’p ju’rip Stalinnin’ su’wreti basi’lg’an gaziytke kampiyt worag’ani’m…» (31-bet).

Bul, sol Sulayman atani’n’ ishinde jani’p atqan shi’nli’q ga’pler yedi. Buni’ jazi’wshi’ wori’nli’ ha’m sheberlik penen paydalani’p poetikali’q uti’sqa yerisken.

## II bap. Tariyxi'y temag'a arnalg'an povestlerde qaharman obrazi'n ashi'wdi'n' wo'zgesheligi

Milliy g'a'rezsizlik ji'llari'nda ju'zege kelgen qaraqalpaq povestlerin so'z yetkenimizde, a'lbette, jan'a tiptegi tariyxi'y ha'm tariyxi'y hu'jjetli povestlerge di'qqat awdari'w kewilge muwapi'q. Buni'n' yen' tiykarg'i' sebeplerinin' biri wolarda konfliktler menen qaharman obrazi' jan'asha–milliy g'a'rezsizlik ideyalari'ni'n' ruwxi' menen shi'n ma'nisindegi yerkinlik na'pesleri negizinde ashi'lg'ani' basli' di'qqat worayi'mi'zda boladi' ha'm wol rasi'nda da bizin' ko'rkem woy–pikirimizdin' jan'a a'sirge say jan'asha mazmunda woylaw wo'zgesheligine sa'ykes keledi. Usi'nday ko'zqaraslardan kelip shi'qqan halda tariyxi'y povestler arasi'nda S.Bahadirovani'n' «Tumaris ha'm Kir», «Qanati'nan qayi'ri'lg'an sun'qar», Ye.U'senovti'n' «Xanmaqsi'm» atli' shi'g'armalari' wo'zinin' sani' jag'i'nan az boli'wi'na qaramastan, al wolar jan'asha a'debiy qaharmanlari', xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'nda ayi'ri'qsha iz qaldi'rg'an iri–iri tulg'alar bolg'an ma'rt analari'mi'zdi'n' biri Tumaris, ataqli' ali'm, Worta Aziyadag'i' filologiya boyi'nsha da'slepki ilim doktori', milliy a'debiyati'mi'zdi' tis ti'rnaqlap ji'ynaw menen g'ana sheklenip qalmay, buni' bir ilimiy sistemag'a Sali'p izertlep u'yreniwshi nag'i'z patriot perzentimiz Na'jim Da'wqaraev, milliy azatli'q ha'reketlerinin' XX a'sirdin' basi'ndag'i' ko'rnekli bashi'lari'ni'n' biri Xanmaqsi'm (Ubaydulla Bahawatdin iyshan uli') si'yaqli' yel azamatlari'ni'n' jarqi'n obrazlari'n talapqa muwapi'q tu'rde ashi'p beriwi menen qunli'. Wolarda ati' atalg'an tariyxi'y tulg'alar menen tariyxi'y g'ayratkerlerdin' a'debiy obrazlari' birinshiden, tariyxi'y jazba hu'jjetlerge tiykarlani'p jarati'lsa, yekinshiden, a'lbette, wolardi'n' obrazlari'n xali'q awi'zi'nda usi' waqi'tqa shekem saqlani'p kiyati'rg'an materiallar tiykari'nda da u'yrenip, izertlep do'retiw zan'li' na'rse yedi. Ati' atalg'an talantli' qa'lem iyelerimiz ko'rkem a'debiyatta qaharman obrazi'n do'retiwdin' usi' yeki principine de sadi'q bola woti'ri'p, bul obrazlardi' jarati'w ushi'n tag'i' bir u'lken a'debiy–a'meliy ma'selelerdin' biri bul–sol obrazlardi'n' ashi'li'wi' ushi'n da'wirge sa'ykes turmi'sli'q, siyasi'y ja'miyetlik qarama–

qarsi’li’qlardi’n’ si’pati’n belgilep, wolardi’ a’debiy konfliktlerge aylandi’ri’w yekenligin duri’s ug’i’ni’p ha’reket yetken. Demek, usi’ negizgi u’sh ma’sele; birinshiden tariyxi’y hu’jjetleri, yekinshiden, awi’zeki materiallardi’ tan’lap paydalani’p ha’m u’shinshiden solarg’a sa’ykes bolg’an da’wir xarakterine sa’ykes konfliktlerdi shi’g’armani’n’ tiykarg’i’ worayi’na aylandi’ri’w arqali’ a’debiy qaharmanlardi’n’ ha’reketlerin teren’lestirip ashi’w–bular jazi’wshi’ni’ sheberlikke baslawdi’n’ sintetikali’q usi’li’ boli’p yesaplanadi’.

## II.1. S.Bahadirovani’n’ «Qanati’ qayri’lg’an sun’qar» povestinde prototip ha’m qaharman obrazi’

Tariyxi’y shi’g’armalardi’n’ (povestlerdin’) ishinde ta’jriybeli ilimpaz–jazi’wshi’lardan yesaplang’an S.Bahadi’rovani’n’ «Qanati’nan qayi’ri’lg’an sun’qar» atli’ povestin jazi’wshi’ni’n’ wo’zi «Hu’jjetli povest» dep atasa da, wol bizin’she uli’wma tariyxi’y povestler qatari’na jatadi’. Wo’ytkeni bunda tariyxi’y tulg’a, tariyxi’y g’ayratker, basqa da usi’ tiptegi shi’g’armalar si’yaqli’ shi’g’armani’n’ basli’ worayi’nda turadi’ ha’m wol sol tariyxi’y da’wirge sa’ykes tu’rde su’wretlenedi. Bizin’she, bul povest tuwrali’ tallag’anda do’retpenin’ yen’ tiykarg’i’ pafosi’ nede degen sorawdi’ aldi’mi’zg’a qoyg’ani’mi’z maqul bolsa kerek ha’m wog’an to’mendegishe juwap bersek arzi’ydi’. S.Bahadi’rovani’n’ «Qanati’nan qayi’ri’lg’an sun’qar» do’retpesindegi pafos, ayri’qsha ko’zge taslani’p turatug’i’n’ ideyali’q leitmotiv–bul watan topi’rag’i’na bolg’an ayri’qsha muhabbat, qushtarli’q, joqari’ patriotizm wo’z wo’mirinin’ sanali’ bo’leginin’ barli’g’I’n yelim, xalqi’m, woni’n’ tawsi’lmas ma’deniyati’ menen a’debiyati’n ken’ a’lemge yerkin ha’m ayqi’n tani’tsam dep qoli’na qa’lem ali’p, tu’ndegi uyqi’si’n to’rt bo’lip, ku’ndiz juwi’ri’p jorti’p ju’rgen nag’i’z azamat patriot insanni’n’ obrazi’n ashi’p beriw dep woylaymi’z. Bul jarqi’n obraz Worta Aziyadag’i’ ataqli’ ali’mlar bolg’an M.A’wezov, Aybek, ye.Qon’I’ratbaev, Q.Ayi’mbetov si’yaqli’ u’lken–u’lken ilimpazlardi’n’ qatari’na qaraqalpaq milliy intellegenciyasi’ni’n’ basi’nda turg’an patriot insane Na’jim Da’wqaraev boldi’.

Jazi'wshi'–ilimpaz S.Bahadirova usi' obrazlardi'n' ishki si'rlari'ni'n' biri si'pati'nda povesttin' baslani'wi'nan woni'n' negizgi giltin tawi'p ha'm woni' ayi'ri'qsha pafos penen mi'naday so'zler arqali' ta'riyplegen: «…Sag'i'ni'w, asi'g'i'w woni'n' boyi'na pitken minezi me, bilmeydi, a'ytewir wol asi'g'adi', si'rtqa shi'qssa jetkenshe asi'g'adi', sebebi demde sag'i'nadi'… No'kisyen shi'qpay ati'ri'p No'kisin, qatar–qurbi'si'n, Qaraqalpaqstannan shi'qpay ati'ri'p aydi'n Arali'n, buyra–buyra qumlari'n sag'I'ni'p ketedi. Ha'zir wol No'kisti qatti' sag'i'nadi'. Wol samalyotti'n' aynasi'nan to'menge qaradi'. Jer ko'rinip qali'pti', qi'zi'l qum, qi'ya qumli'q, qus qanati' ushsa ku'yetug'i'n qumli'qti'n' u'stinen samalyot i'n'i'rani'p tarti'p kiyati'rg'an nar si'yaqli'…»[1].

Mine, bular a'debiy qaharmanni'n' ishki woylari'n sa'wlelendiriwdegi avtorli'q bayanlaw usi'li' arqali' berilse de, wj'z stilinin' pafosi' arqali' ko'zge tu'sip, sol a'debiy obrazlardi'n' ishki si'rlari'na sa'ykes tu'rde quri'lg'an so'z dizbeklerinen ibarat yekenligi ko'rinip tur. Al, jazi'wshi' tek g'ana bayanlawdi'n' usi' usi'li'n mudanmi' qollani'p, woqi'wshi'lardi' sol arqali' zeriktirip almay, bulardi' keleshek qatarlarda mi'naday ishki monolog formasi' menen toli'qti'ri'p ha'm jetilistirip beriwi ko'rkemlik poetikali'q izlenisler jag'i'nan jetiskenliklerdin' qatari'na jatadi'.

«A'sirler boyi' da'stu'rin jog'altpay, ata–ma'kani'n saqlap, hesh kim menen uri'spay paraxat jasawdan basqa wo'mirdi bilmeytug'i'n bul miynetkesh xalqi'mni'n' yeskiden kiyati'rg'an ma'deniyati'n, a'debiyati'n toli'q izertlep du'nyag'a tani'ti'w meni'n' pari'zi'm ha'm qari'zi'm»,– dedi wol ishinen. Wonin' jasap ati'rg'an ken' dalasi' si'yaqli' ma'deniyati' da, a'debiyati' da sheksiz, si'rli', mun'li', gu'n'irenip a'sirlerdin' mun'i'n tolg'ag'an a'sirlerge qulash sermegen namalar menen gu'n'irenedi. Qulaqqa ji'rawdi'n' tamaqti' qi'ri'p, i'laqtay man'i'rap aytqan tolg'awlari', adamzat bina' bolg'anli' beri bar tolg'awlar keledi. Ji'rawdi'n' namalari'n yesitkende say su'yegin' si'rqi'rap sala beredi» (14-b).

---

[1] Баҳадырова С. Қанатынан қайрылған суңқар. «Әмиўдәрья», 2007, №2, 14-б (yendigi mi'sallar usi' basi'limnan ali'nadi' qawis ishinde tek beti ko'rsetiledi)

Usi’nday woylardi’ beriwdegi avtorli’q bayanlawlar menen geyde qaharmanlardi’n’ ishki tolg’ani’slari’n, woni’n’ ruwxi’y du’nyasi’n sa’wlelendiriw ishki monologlardi’n’ qosi’li’p–sintezlenip ketiwi jag’daylari’ bul tariyxi’y hu’jjetli basli’ shi’g’armani’n’ basli’ ko’rkemlik poetikali’q si’patli’ belgilerinin’ ha’m tabi’slari’ni’n’ biri dep ko’rsetiwimiz lazi’m. Usi’ bag’i’tta ataqli’ ali’m N.Da’wqaraev tuwi’sqan qazaq jerlerinen kiyati’rg’anda da, Tashkentke bari’p bari’p qaytarsi’n da wo’z xalqi’ni’n’ gimn namasi’ «Bozatawdi’» ko’z aldi’na yelesep ketkenligin bilmey qala beredi. Bul woni’n’ kem–kem wo’mirindegi a’diwli keshege aylandi’. Soni’n’ ushi’n da jazi’wshi’ buni’ a’debiy obrazlardi’n’ ishki si’ri’na aylandi’ri’p ta mi’naday so’zlerdi jazg’an:

Woni’ Qazaqstan jerlerine shaqi’ri’p alg’anda da usi’ nama… Sonda nama tu’sine yenedi. Uralda jan’a ashi’lg’an pedagogikali’q instituta mug’a’llim boli’p islep ati’r yedi. Su’ygen hayali’, u’y–jayi’, balasi’–ba’ri bar. Ilimnin’ gu’zar joli’na Muxtar A’wezovti’n’ wo’zi jeteledi. Wol Moskvag’a aspiranturag’a ketiwi kerek yedi. Biraq, «Bozataw» namasi’ woni’ yelge shaqi’radi’. Bir ku’ni shi’rt uyqi’si’nan namani’ yesitip woyanadi’. Wol qulag’i’n sali’p tum–tusti’ ja’ne ti’n’ladi’. Dawi’s si’rta yemes, al ju’reginde shertilip ati’rg’anli’g’i’n sezedi. Woni’n’ ju’regi, sezimi bolmi’sh tuwi’lg’an jerdi sag’i’ni’p ju’rgenin ko’pten berli an’lar yedi. «…Bir bari’p kelmes, ha’zir menin’ yelim qanday boldi’ yeken?... Ax, tuwi’lg’an jer, tuwi’lg’an jer, sensiz men qalay jasay alaman?! Senin’ qi’ya–qi’ya sho’llerin’di, burqasi’nlap aqqan A’miwin’di, to’besi uzaqtan ko’ringen U’stirtin’di, qabag’i’n u’yip qarawi’ti’p turg’an Qaratawi’n’da, ushi’ qi’yi’rsi’z ken’ dalan’di’ ko’rmey jasaw mag’an qalayda qi’yi’n bolar! Bul jerde meni sen qaraqalpaqsan’, bi’lay tur dep ati’rg’an adam joq, biraq men usi’ qi’yi’n waqi’tta alg’an bilimimdi wo’z xalqi’ma beriwim kerek yemes pe?! Sen yelge kereksen’…! Meni «Bozataw» namasi’ menen watani’n’a kel dep shaqi’rar yedi». Woni’n’ ko’zine birazg’a shekem uyqi’ kelmedi. Wo’zin qi’ynag’an woy tolg’ani’slari’n da do’nbekship tan’di’ atqi’zdi’» (14-15-bb).

A’lbette, bul qatarlar jazi’wshi’ni’n’ tek g’ana qurg’aq hu’jjetli faktler menen sheklenip qalmay, al wolardi’ turmi’sti’n’ ha’m tiri adam wo’mirinin’ da’l wo’zindegidey yetip ko’z aldi’na keltiriwler ha’m ishki so’ylewler arqali’ obrazdi’n’ ishki si’rlari’n talapqa muwapi’q tu’rde ko’rkem sa’wlelendiriwinin’ basli’ jetiskenlikleri boli’p yesaplanadi’. Haqi’yqati’nda da, ha’r qanday na’rsege, soni’n’ ishinde ilim–bilimge qi’zi’g’i’wshi’li’q ta da’slep jeke umti’li’slar, ku’n ko’ris tirishiliginin’ jaqsi’lani’wi’ da’rkarli’g’i’ ha’m tag’i’ basqalar arqali’ baslang’anli’g’i’ menen, al haqi’yqi’y insan nag’i’z kamalatqa jetken waqi’tlari’ wolar shi’n ma’nisinde joqari’dag’i’day uli’wma xali’qli’q, patriotli’q baslamalarg’a ulasi’p keteri so’zsiz. Bul ishki psixologiyali’q azamatli’q qa’siyet barli’q adamda birdey bolmag’ani’ menen adamgershiligi zor insanlarda wolar tap uli’wma insani’yli’q, gumanistlik ha’m patriotli’q islerge aylani’p ketedi. Jazi’wshi’ insan psixologiyasi’nda tap usi’ a’hmiyetli woydi’ duri’s tawi’p, buni’ tiyisli ko’rkem a’debiy usi’llar arqali’ povestte duri’s sawlelendire alg’an. A’lbette, jazi’wshi’li’q poetikali’q tabi’sti’n’ bunday wori’nlari’ tosi’nnan bola bermeydi ha’m wol da’slep qa’lem iyesinin’ jeke talanti’, woqi’p, izlenip u’yreniwleri arqali’ ju’zege keleri dawsi’z. Usi’nday bag’darlarda jazi’wshi’–ali’m S.Bahadi’rova N.Da’wqaraevti’n’ ju’regindegi watan sag’i’ni’shi’ menen tuwi’lg’an jerge i’qlas terbenislerin joqari’dag’i’day qatarlar menen beriwden ti’sqari’, woni’n’ yertin’ine azanda wo’z wo’mirlik jubayi’ Valifa menen bolg’an wo’z–ara so’ylesiwleri–dialoglari’ menen toli’qti’ri’p, teren’lestirip jetkeriwi povesttin’ tag’i’ da jetiskenliklerin biraz artti’ri’wg’a sebepshi boli’p tur. Qaran’i’z:

«Azanda qaymaqli’ qarashaydi’ uzatqan waqi’tta Valifa jen’geydin’ ko’zi woni’n’ uyqi’si’zli’qtan qi’zarg’an ko’zlerine tu’sti.

—Jaman uyi’qladi’n’ ba, sharshadi’n’ ba?–dedi miyrimli tu’rde yerinin’ kelbetin bir qaytara ko’zden wo’tkerip.

—Tu’nde bir uyi’qlap turg’annan son’ qayti’p uyqi’m kelmedi,–dedi ku’yewi hayali’na… —Valifa, men tu’sim be, won’i’m ba, bidmeymen. A’jiniyazdi’n’ «Bozataw» qosi’g’i’n birew i’rg’ag’i’na sali’p kelistirip ayti’p

ati’rg’ani’n yesittim. Dawi’s sonday jag’i’mli’. Woyani’p qarasam, qasi’mda hesh kim qosi’q ayti’p ati’rg’an joq. Biraq, dawi’s menin’ ko’pke shekem qulag’i’mnan ketpedi,–dedi baladay quwani’p. Valifa yerinin’ ko’zine di’qqat penen qaradi’. Woni’n’ ko’zindegi ushqi’n shashqan wotti’ ko’rdi de, ju’regi terbenip ketti. Wol yerin ayap, yel jurtqa degen sag’i’ni’shti’n’ nuri’n ko’zinde ko’rip, ne derin bilmey to’men qaradi’…» (15-bet).

Bulardi’n’ barli’g’i’ povesttin’ tiykarg’i’ pofosi’n belgilep, wolar a’debiy qaharman–tariyxi’y tulg’a Na’jim Da’wqaraevti’n’ ishki keshirmelerinin’ si’rlari’n, wolardi’n’ social–psixologiyali’q, siyasi’y–ja’miyetlik qi’rlari’n da woqi’wshi’larg’a duri’s jetkerip beriw ushi’n islengen ko’rkemlik poetikali’q usi’l si’rati’nda isletilgen qatarlar yekenligin duri’s ha’m teren’ ug’i’ni’wi’mi’z da’rkar. Jazi’wshi’ tap usi’ formani’ ha’m mazmundi’ tag’i’da ulg’ayti’p mi’naday degeni tegin yemes: «Bozataw» wolardi’n’ qosi’lg’an ku’ni de janlandi’.

—Valifa, dawi’s sonday jag’i’mli’, ju’regimdi biylep ali’p ketti. Yele de qulag’i’mnan ketpey tur. Bull jerde birew aytadi’ dewge menen basqa qaraqalpaq woralda joq. Bul nesi? Hayranman!» (15-bet).

Povesttegi bul si’rlardi’ a’debiy teoriyali’q jaqtan ali’p bahalag’ani’mi’zda jazi’wshi’ni’n’ avtorli’q su’wretlewlerinen ti’sqari’ budan buri’n biz ko’rsetip wo’tken ishki monolog usi’li’nda da qosi’msha dialog formasi’ jedel ha’m wori’nli’ qollani’li’p, wol (Valifani’n’) bir qaharmanni’n’ yekinshi qaharmang’a bolg’an ishki ruwxi’yli’q qatnaslari’n ashi’wg’a xi’zmet yetip, sol arqali’ jazi’wshi’ tutas ko’rkem do’retpenin’ poetikali’q bahali’li’g’i’n artti’ri’wg’a yerisip woti’rg’anli’g’i’ seziledi. Soni’n’ menen qatar joqari’dag’i’ tekstlerde avtorli’q su’wretlew formasi’ menen de jazi’wshi’ belgili bir qaharmanni’n’ si’rtqi’ kelbetindegi (portretindegi) ayi’ri’m jeke jari’m wo’zgerisler menen qubi’li’slardi’ da yekinshi bir a’debiy qaharmanni’n’ si’n ko’zi menen qarap bahalaw sezimlerin ashi’p berip a’debiy poetikali’q uti’sqa yerisken.

Duri’s, jazi’wshi’ ko’pshilik wori’nlarda tutas do’retpe hu’jjetli tiykarg’a quri’lg’anli’qtan da publicistikali’q bayanlaw usi’li’n qollani’wg’a ma’jbu’r

bolg’an. Bul si’patlar tiykarg’i’ qaharmanni’n’ ilimpaz boli’wi’nan da kelip shi’qqan negizgi ideyali’q yestetikali’q, poetikali’q wazi’ypali’ bag’dar retinde alg’a qoyi’lg’an ha’m a’melge asi’ri’lg’an dep tu’siniwimizge tuwra keledi. Sonli’qtan wolar ko’binese jazi’wshi’g’a wo’z a’debiy qaharmani’ni’n’ ishki sezimleri menen ideyali’q bag’dardi’ woqi’wshi’larg’a teren’nen uqti’ri’p woti’ri’wda sheshiwshi a’hmiyetke iye bolg’an. Mi’sali’:

«Samolet jerge qondi’. Samolettin’ ti’rapi’nan No’kistin’ topi’rag’i’na ayag’i’ tiygende ana topi’raqtan berilgen ku’shten wol birden selk yetti de, tez–tez adi’mi’n ati’p, ni’q qa’demleri menen wo’zin tik uslap bayraqqa jiberilgen tulpar si’yaqli’ alg’a qa’demin tasladi’. Ana jerge tabani’ tiyse boldi’, wol wo’zin du’nyadag’i’ yen’ ku’shli, wo’zine isenimli, aybatli’, qa’legen jerge so’zi wo’tip kete beretug’i’n ku’sh beriletug’i’ni’n ju’regi sezedi. Tuwi’lg’an jerden wo’kshesi ko’terilip, al samolettin’ trapi’na ayag’i’n bassa boldi’, wo’zinin’ kewiline bosasi’p qalg’anday, boyi’ndag’i’ qaynag’an jiger, ku’sh–ba’ri tuwi’lg’an jerde qali’p qoyg’anday mu’sa’pir adamg’a aylanadi’. Bilegindegi ku’sh ketip, dimari’ quri’p sala beredi» (16-bet).

Haqi’yqati’nda da, bul su’wretlewlerde de shi’g’armani’ tek g’ana hu’jjetlik faktler ha’m ayri’m turmi’sli’q ma’nidegi awi’zeki gu’rrin’ a’n’gimelik materiallar menen sheklep taslamay, al a’debiy qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’na sa’ykes keliwshi ja’miyetlik, social psixologiyali’q a’hmiyetke iye tolg’ani’s si’patlari’ menen de bayi’tadi’.

Uli’wma alg’anda, S.Bahadirova a’debiyati’mi’zda ha’m ilim tarawi’nda da qa’lemi i’si’lg’an jazi’wshi’ ilimpazlardi’n’ biri. Wol qaysi’ bir ha’diyseni yamasa qubi’li’s penen turmi’sli’q, wo’mirlik problemalardi’ qalaysha su’wretlew jollari’n jetkilikli men’gergen qa’lem iyelerinin’ qatari’nda turadi’. Sonli’qtan da, wol ju’jjetli tiykarda bolsa da, N.Da’wqaraevti’n’ basqa da Worta Aziyani’n’ ataqli’ ali’m ha’m jazi’wshi’lari’ menen wo’z–ara qatnaslari’n ayqi’nlasti’ri’p su’wretlew jollari’nda da, woni’n’ M.A’wezov, Aybek, G’.G’ulam si’yaqli’ tuwi’sqan xali’qlardi’n’ yelewli azamatlari’ menen wo’z–ara qatnaslari’n sa’wlelendiriwde de, tek g’ana avtorli’q tu’rdegi si’rttan

bayanlaw, mag’li’wmatnamalar keltiriw menen sheklenbey, al wolardi’ woqi’wshi’larg’a yemocionalli’g’i’n artti’ri’w ushi’n usi’ ali’m jazi’wshi’larg’a basqalardi’n’ belgili simpatiyasi’n jetkeriw maqsetlerinde de, tu’rlishe usi’l–formalardi’ isletip su’wretlegen. Bul hu’jjetli tariyxi’y povestke ko’rkemlik poetikali’q jaqtan wo’zinshe tu’s, ra’n’–ba’ren’ poetik wo’zgeshelikler berip turadi’. Mi’sali’, usi’nday bag’darda N.Da’wqaraevti’n’ wo’z anasi’ Ulxan apa menen bolg’an mi’naday dialogi’ xarakterli bolsa kerek:

«—Balam, Tashkent qalay? Amanli’q pa?–dep sorap ati’r anasi’.

—Apa, amanli’q, sa’lem ayti’p ati’p. G’afurdi’n’ u’yinde qonaqta boldi’m. Wolar bir qa’weterli jag’day ji’li’slap kiyati’r deydi. Jag’day jaqsi’ yemes. —Wol awi’zi’nan mi’na so’zlerdi qalay shi’qqani’n bilmey qaldi’. Anasi’ni’n’ tu’ri bozari’p qoya berdi» (16-bet).

Demek, bul jerde jazi’wshi’ tek g’ana qurg’aq dialog–ma’zi soraw juwap penen amanli’q yesenlik sorasi’wdi’ g’ana paydalani’p sheklenbey, al sog’an sa’ykes keletug’i’n situaciyadag’i’ a’debiy qaharmanni’n’ bet kelbetindegi memikali’q wo’zgerislerdi de (anasi’ni’n’ tu’sinin’ bozari’p qoya beriwi) sa’tli tawi’p isletilgen biraz ko’rkemlik sheberlikke yerisip, qaharmanni’n’ ishki psixologiyali’q halatlari’nan da xabar berip barg’an. Usi’ qa’siyetler tariyxi’y povesttin’ tek g’ana bir jerinde yemes, al wolar jiyi–jiyi isletilip, wolardi’n’ barli’g’i’ jazi’wshi’g’a ayri’qsha sheberlik u’lgisi si’pati’nda xi’zmet yetken. So’ytip, jazi’wshi’ usi’ niyetleri tiykari’nda joqari’dag’i’ dialogti’ to’mendegishe jalg’asti’ri’p dawam yetkeni de u’lken ideyali’q–estetikali’qa’hmiyetke iye.

«—Balam, ken’es hu’kimeti ti’ni’shlanbadi’–g’oy! Bir ba’leden son’ ja’ne bir ba’le. Yele ken’estin’ dushpani’ tewsilmey ati’r ma?

—Joq, apa, wolar yele sol «dushpandi’» izlep ati’r. Bul ret Aybek, Nawayi’ haqqi’nda roman jazdi’. Muxtar A’wezov «Abay»di’ jazdi’. Ba’rinin’ jag’dayi’ jaman qusaydi’.

Aybektin’, G’afur G’ulamni’n’ ati’n yesitkende Ulxan apa woylani’p qaldi’…

—Sen she, yeski zamandi’ jazg’ani’n’ joq–g’oy!

—Qayda, apa, men roman jazbag’ani’m menen kandidatli’q, doktorli’q dissertaciyamda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ yeski ma’deniyati’n, a’debiyati’n maqtap qoyi’ppan…

Ulxan kempirge aspan jerge tu’sti, aki’r zaman woshag’i’ni’n’ basi’na kelgendey boldi’» (16-bet).

Haqi’yqati’nda da, povestte tap usi’ «aqi’rzamanni’n’» qarama–qarsi’li’qlari’ menen tragediyasi’ yendigi su’wretlewlerdin’ basli’ worayi’na aylandi’ri’li’p, wolar a’debiy konfliktlerge ko’shedi. Bul shi’g’armadag’i’ konflikttin’ nag’i’z baslani’wi’ yedi. Sebebi, wo’z yelinde xalqi’na hadal xi’zmet islew ushi’n kelgen N.Da’wqaraevti’n’ da sol waqi’ttag’i’ «Woraydan» jobalasti’ri’lg’an quwdalawdi’n’ aqi’beti wo’z iyrimine tartpay qoymaydi’. Mne, usi’ «iyirimin» qalay baslani’p, woni’n’ qalaysha bizin’ atakli’ ali’mi’mi’zdi’ Wo’z shuqi’ri’na tarti’p ali’p ketkenligi povesttin’ basli’ worayi’nda turi’p, wol tiykarg’i’ hu’jjetler menen ayqi’nlasti’ri’li’p, bas a’debiy qaharmanni’n’ nag’i’z insan si’pati’ndag’i’ ishki woy tolg’ani’slari’, woni’n’ wo’z qarsi’laslari’ menen bolg’an ma’rtlershe ayqasi’wlari’ arkali’ sheber ashi’lg’an dewge boladi’.

Povestte su’wretlengenindey N.Da’wqaraevti’n’ qa’dimgi jumi’s babi’ndag’i’ wo’z ka’siplesleri, ani’g’rag’i’ wo’z wori’nbasari’ bolg’an Savickiy menen bolg’an ayti’slari’ ha’m ko’zqaras qayshi’li’qlari’ u’lken ali’mni’n’ wo’z sha’kirtleri, jas ali’mlarg’a bolg’an g’amqorli’g’i’na baylani’sli’ kelip shi’g’adi’. bir ku’ni N.Da’wqaraevqa sol waqi’ttag’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Mirnistrler Ken’esinin’ basli’g’i’ N.Japaqov qon’i’raw yetip, Na’jimge Moskva qalasi’nda aspiranturada dissertaciyalari’ni’n’ u’stinde islep ati’rg’an jaslardi’ No’kiske jo’nsiz qaytarg’anli’g’i’ haqqi’nda yeskertiw jasaydi’. Al, Na’jim bolsa, bug’an hayrani’ shi’g’i’p, lal boli’p qaladi’. Sebebi, wol sol jas ali’mlardi’n’ hesh qaysi’si’n da telegramma arqali’ shaqi’rtpag’an, qayti’w haqqi’nda tapsi’rma bermegen. Kerisinshe, son’g’i’ barg’anlari’ni’n’ birinde wolarg’a jumi’slari’n pitkermegenshe No’kiske bara bermewdi tapsi’rg’an

bolsa, bul ha’reketlerdi kim islegen boli’wi’ mu’mkin? Usi’ woylar Na’jimdi qatti’ woylandi’radi’. Wo’ytkeni wol Moskvadag’i’ aspirant sha’kirtlerine qanshelli wo’zi g’amqorli’q yeter yedi. Ha’tteki, wol M.Nurmuxamedovti’n’ aspiranturag’a ketiwine qarsi’li’qlardi’ g’ana jen’ip qoymay, al woni’n’ u’stine u’lken qalag’a jarasi’qli’ boli’p bari’wi’ ushi’n shi’lt jan’a kastyum shalbar da ali’p bergen joq pa?! «Sonda Marat birinshi ret kastyum kiyiwim dep tum–tusi’na qayta qayta qarag’an. Wog’an ilimiy basshi’ boli’wi’na wo’zinin’ ilimiy basshi’si’ Bertelsten wo’tinish yetken. Sondag’i’ Maratti’n’ quwang’ani’n hesh umi’tpaydi’. Wol wo’zi woqi’wg’a jibergen ha’r bir aspirantqa usi’lay g’amxorli’q islep keledi. Telegrammani’ kim salg’an. Wol pochtag’a ani’qlaw ushi’n adam jiberdi. Telegrammani’ salg’an wo’zinin’ wori’nbasari’ A.P.Savickiy boli’p shi’qti’» (17-bet).

Mine, usi’nnan baslap–aq, woni’n’ menen Savickiy arasi’ndag’i’ qarama–qarsi’li’qti’n’ baslamasi’ ju’zege kelgenligi ayqi’n boladi’. Wolar arasi’nda ju’zbe–ju’z qarsi’lasi’w baslanadi’. Usi’ momentlerdi azi’wshi’ tiyisli bolg’an naqma–naq dialoglar arqali’ ju’da’ ayqi’nlasti’ri’p su’wretlegenligi xarakterli ha’m wolar arasi’ndag’i’ ishki ruwxi’y konfliktlerdin’ betin ashadi’. Na’jim Da’wqaraevti’n’ Savickiyge qarata:

«—Wolardi’n’ islewine nege kesent keltiresen’?–dedi.

—Wolardi’n’ komandirovkasi’ pitti. Moskvada ju’riwine haqi’si’ joq. Qayti’wi’ kerek. Men miynet ta’rtibin talap yetemen,–dedi Savickiy.

—Menin’ menen nege woylaspaysan’? Denin’ duri’s pa, Moskvag’a bari’w qanday qi’yi’n bizge?! Barg’an yeken, jumi’slari’n pitkerip kelsin aqi’ri’! Men jaqi’nda g’ana Tolstovtan bizin’ aspirantlardi’n’ Moskvada islewine ja’rdem berin’ dep wo’tinish yettim. Yendi wol kisige ne diymen?

—Men ha’r bir adi’mi’mdi’ sen menen woylasi’p basi’wi’m kerek pe? Sen diretor bolsan’, men–wori’nbasarman, senin’ qanday haqi’n’ bolsa, menin’ de sonday haqi’m bar, men ta’rtipti talap yetemen,–dedi qaytpay. —Ayli’g’i’n da ali’wg’a haqi’si’ joq, jumi’sta joq adamg’a ayli’q jazi’lmaydi’.

—Bugxalterdi shaqi’r!

—Moskvada ju’rgen Qosbergenov penen Kamalovti’n’ ayli’g’i’n izinen sali’wdi’ toqtati’wg’a kim ruxsat berdi?

—Savickiy sizdi aytti’ dedi.

Na’jim ti’rnag’i’ni’n’ ushi’na shekem ku’yip ketti» (19-bet).

Haqi’yqati’na kelgende, bular Saickiy menen g’ana yemes, al jergilikli ilimiy basshi’lar menen wori’siyattan kelgen kadrlardi’n’, uli’wma woraydan jiberilgen kadrlar menen jergilikli millet wa’killerinen shi’qqan ilimiy qa’niygelerdin’, solardi’n’ ishinde Na’jim si’yaqli’ patriot yel perzentleri menen «woraydi’n’» tapsi’rmalari’ni’n’ arasi’ndag’i’ qarama–qarsi’li’qlardi’n’ tek g’ana jan’a baslani’wi’ yeken. Sol ushi’n da Savickiydin’ bunday ha’reketlerin Na’jim qa’nshelli ku’sh penen ti’yi’m sali’wg’a ha’reket yetse de toqtatpaydi’. Sebebi, woni’n’ arti’nda turg’an isenimli ku’shler bar yeken. Wol tu’binde Na’jimnin’ «quri’p ketiwinin’» tileklesi yedi. Al, wo’zi bolsa direktordi’n’ wori’nbasari’ lawazi’mi’nda islese de, duri’sli’ is atqarmay–aq, ko’binese u’yinde jati’p ayli’q alatug’i’n bolg’ani’n Na’jim ayqi’n ani’qlaydi’.

So’ytip, Savickiydin’ dushpanli’n’ ha’reketleri Na’jim Da’wqaraevti’n’ Berdaq tuwrali’ jazg’an maqalasi’ «Sovetskaya Karakalpakiya» gazetasi’nda jari’q ko’gen ku’ni ja’ne de ayqi’n seziledi. Savickiydin’ wo’zi woni’ sezdirmewge ti’ri’ssa da bul si’rda Na’jim woyshan’ ali’m, sezimtal jazi’wshi’ si’pati’nda ani’q bilip ali’wg’a yerisedi. Sebebi, Savickiy Na’jimnin’ si’rli’ sorawi’nan son’ qi’p–qi’zi’l boli’p ketken yedi.

Tap sol ku’ni azan menen basqalardi’n’ u’ylerindegi si’yaqli’ ataqli’ ali’mni’n’ u’yine de yerte tan’ menen shaydan aldi’n–aq gazeta kelip tu’sedi. Sol waqi’tlardag’i’ da’stu’r boyi’nsha Na’jim de azang’i’ halqastan aldi’n’–aq, basqalar si’yaqli’ gazetag’a u’n’iletug’i’n u’yrenshikli a’deti yedi. Usi’ quni de tap usi’lay islese, I.Efimovti’n’ avtorli’g’i’nda «Broshyura, soderjachaya ideologicheskie izvracheniya» degen u’lken maqalag’a ko’zi tu’sip ketedi. Wol maqalani’n’ ati’ni’n’ wozinen birewdi nag’i’z sulqi’yti’p salg’ani’n sezip, ju’regi suwlap ketedi. Biraq, yele wol maqalani’n’ ishki mazmuni’na ko’z juwi’rtap u’lgere almay ati’r yedi. Bir waqi’tlari’ Na’jimnin’: «Arqasi’nan

shi’qqan ter tula bedenin qaplap, yeti tu’rshigip ketti. Bular bir adamni’n’ juli’ni’na balta uratug’i’n maqalag’oy dedi ishinen. Temani’ qatal alg’an yeken. Mi’na tema menen birewdin’ qazani’nda qan qaynaydi’!» (20-bet). Rasi’nda da Na’jimnin’ bul ishki debdiwleri menen ishki tolg’ani’slari’ni’n’ rasli’g’i’ ayki’n seziledi. Tap qazani’nda qan qaynaw qubi’li’si’ Na’jimnin’ wo’z u’yinde ju’zege keledi. Sebebi, maqala Na’jim tuwrali’ keskin, burmalap ayti’lsa, nag’i’z juli’ng’a balta uratug’i’n yetip ayti’lg’an pikirler bir ali’mni’n’ wo’mirine aqi’rg’i’ noqatti’ qoyi’p g’ana ti’nshi’ydi’.

Jazi’wshi’ usi’ waqi’tlardag’i’ ali’mni’n’ ishki du’nyasi’ndag’i’ psixologiyali’q processlerdin’ barasi’n geyde avtor so’zleri menen a’debiy qaharmanni’n’ ishki monologlari’n aralasti’ri’p–sintezlep paydalani’w arqali’ ju’da’ ta’sirli ha’m teren’ yemocional tu’rde haqi’yqatli’qqa sa’ykes asha bilgen. Bul tariyxi’y povesttegi sheberliktin’ bir ko’rinisi dep yesaplawg’a tuwra kekledi. Mi’sali’: «So’z joq, mi’na maqala bir adamdi’ zaya yetetug’i’ni’ turg’an ga’p. Kim sorli’ mi’na won’bag’anni’n’ ti’rnag’i’na ilingen?–degen woy keldi basi’na. Wol da’rriw maqalani’ woqi’y basladi’. Wo’zinin’ ko’zine wo’zi isenbedi. Ja’ne woqi’di’. Hesh tu’sinbeydi. Ja’ne woqi’di’. Sonda ideologiyali’q jaqtan burmalang’an broshyura meniki me? Men haqqi’nda jazi’lg’an ba, qalay–qalay? Wol gazetani’ da’rriw bu’klep, hayali’nan jasi’ri’p papkasi’na saldi’…

—Ne jazi’lg’an yeken gazetada?–dedi hayali’… Wol ku’yewi aytpasa da, bir suwi’q xabardi’ sezdi… Di’qqat penen ku’yewine na’zer saldi’. Woni’n’ ju’zi ag’ari’p ketken yeken. Qollari’ biliner–bilinbes qalti’rar yedi» (20).

Mine, bul povesttegi qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’ndag’i’ ruwxi’y kozg’ali’slardi’ avtor so’zi, dialog, ishki monolog ha’m a’debiy qaharmanni’n’ qi’ymi’l–qozg’ali’slari’ menen si’rtqi’ kelbetin su’wretlew formasi’ndag’i’ usi’llardi’n’ sintezi menen beriw sheberligi nag’i’z kishkene bir, biraq ayqi’n u’lgisin an’lati’p tur. Jazi’wshi’ ilimpaz bul usi’l ha’m formalardi’ qollani’wda tapqi’rli’q, yepshillik ha’m sezimtalli’q ko’rsetkenligi bayqaladi’.

Povestte usi’layi’nsha bul maqala arqali’ Na’jim Da’wqaraevti’n’ wo’mirindegi konfliktlerdin’ shiyelensiw ma’writleri wo’z shegine jete

baslaydi'. Biraq, Na'jim daslep aspay–taspay, albi'ramay ha'reket yetse de, ku'n sayi'n ayi'psi'z tag'i'lg'an jala ha'm woni'n' Respublikaga ken' tarqap ketiwi, wol tuwrali' kereksiz ha'm byurokratli'qqa quri'lg'an dodalawlar, bir birewge doq uri'p, baqi'ri'p, kerildesip ati'rg'an ji'ynali'slar, bul maqala menen g'ana sheklenbey, son'i'nan da tap usi' maqala mazmuni'na tekles to'rt–bes maqalani'n' jari'q ko'riwi, ali'mni'n' wo'zin aqlap jazgan arzalari'ni'n' qaralmawi', ha'tteki wog'an joqari'dag'i'lardi'n' qulaq ta tu'rmewi ataqli' ilimpazdi' birotala juti'p jiberedi.

«Qa'pelimde Valifa kiyine basladi'.

—Qayaqqa barati'rsan'?

—Efimovti', Savickiydi tawi'p alaman,–dedi wo'jetlik penen.

—Denin' duri's pa?

—Ba'rin islep woti'rg'an Savickiy. Won'bag'an, bari'p woni'n' menen ko'remen. Meni qamay qoysi'n! Bari'p ko'kesin tani'ti'p qoyaman!» (21-bet).

Mine, bul Na'jimnin' anasi' menen woni'n' kelini Valifa arasi'ndag'i' ga'plnr yedi. Haqi'yqati'nda da, bulardi' sho'lkemlestiriwshilerdin' arasi'nda Savickiy ani'q bar. Sonli'qtan da, Na'jim Da'wqaraev tuwrali' yestelik kitapshadag'i' professor S.Axmetovti'n' yeske tu'siriwlerinin' birinde wol ataqli' ali'm ha'm jazi'wshi' Aybekke sa'lem beriwge barg'anda u'lken wo'zbek g'ayratkeri Aybek yen' aldi' menen Sirajatdin Axmetovten buni'n' da ustazi' Na'jim haqqi'nda sorap: «Anaw Savickiy degen aqmaqti'n' saqali'n julaman»–degen so'zlerdi aytkan yeken[1]. Tap usi' pikir menen hadali'y haqi'yqatli'q ha'm ali'mni'n' zayi'bi' Valifani'n', Na'jimnin' wo'zinen de boljawlari' naq sa'ykes keledi. Buni' jazi'wshi' ilimpaz si'pati'nda S.Bahadirova povestte konkret waqi'yali'q detal si'pati'nda wori'nli' tan'lap keltirgen ha'm wol tutas shi'g'armada poetikali'q a'hmiyetke de iye boli'p ko'rinedi.

A'lbette, Na'jim Da'wqaraev wori'nsi'z ayi'plawlardi' moyni'na ali'p qarap qalmay, woblastli'q partiya komitetine, won'i'n' sekretari'na arza jazi'p

---

[1] Нәжим Дәўқараев (еске түсириўлери). Нөкис, «Қарақалпақстан», 1989

kiriwdi woylaydi’, bari’nsha bul ushi’n ha’reket yetedi, biraq wog’an kire almaydi’. Haqi’yqati’–wolar buni’ qabi’l yetip, arzani’ ti’n’lag’i’si’ da kelmegenligi ilimpazdi’ pu’tkilley sharshati’p jibergen yedi. Biraq, wol ideologiya xatkerin u’yinen uslap tawi’p alg’anda wolar arasi’nda mi’naday keskin tu’rdegi konfliktke iye diologlardi’ sol turi’si’na keltirmew mu’mkin yemes. «Wolar suwi’q sa’lemlesti. Wol ga’ptin’ birden toq yeterinen basladi’:

—Mennen qali’p ko’p bolsa bir qalta taqan jersen’, biraq men wo’lsem xalqi’m tabi’ti’mdi’ basi’na ko’terip yesikten shi’g’aradi’. Al, sen wo’lsen’ xalqi’n’ seni yesikten shi’g’artpaydi’, sag’an kesek atadi’, senin’ tabi’ti’n’ yesikten shi’g’a almaydi’, a’ynekten shi’g’adi’,–dedi bar ku’shin ji’ynap…

—Awi’zi’n’a karap so’yle! Ne so’ylep turg’ani’n’di’ bilesen’ be? Sen a’lle qashan–aq, shiriytug’i’n adamsan’, ko’p bi’lshi’ldama, usi’ ju’rgenin’ wo’zin’e ko’plik yetip tur ma?–dedi sekratar ashi’wlani’p.

—Qoli’n’nan kelse, qamat! Atti’r, darg’a asti’r, meni ayama! Qoli’n’nan kelse, ba’rin isle, biraq sen xali’qti’n’ qa’ha’rine ushi’raysan’. Men xalqi’m ushi’n jani’p jasadi’m, menin’ bir jalg’i’z ayi’bi’m bar, wol da bolsa qaraqalpaq xalqi’ni’n’ a’debiyati’n a’debiyat, ma’deniyati’n ma’deniyat yeteyin dep ti’ri’sti’m. Hesh xali’qtan kem yemes milliy a’debiyati’ bar dep ko’rseteyin dep ti’ri’sti’m… ayi’bi’m –xali’qti’n’ ji’rshi’si’ dep Berdaqti’ ko’rsetkenim. Woni’n nesi qa’te?... Menin’ jalg’i’z qa’tem –xalqi’mdi’ su’ygenim… Sol ma qa’tem? Ne islewim kerek? Ne ne dewim kerek sizin’she? Bul bir ma’deniyati’, wo’neri joq sawatsi’z xali’q, ba’rin woktyabr berdi dewim kerek pe? woktyabrge shekem de a’debiyati’ bar bolsa, qalay joq deymiz?! Bardi’–bar, joqti’–dep aytpaymi’z ba? Sol ma ayi’bi’m? Berdaqti’ xali’q ji’rshi’si’ degenim ayi’p pa? Waqi’t wo’ter, sen de, men de jerdin’ asti’na tu’sermiz. Menin’ miynetimdi usi’ xalqi’m aman bolsa, man’layi’n tigip u’yrener, al senen qanday u’lgi aladi’?!

—A’sten, abayla,ju’regin’di bas!–dedi sekretar jekirinip.

—Abaylamasam da, abaylasam da–boldi’… Sen yeldin’ basshi’si’ bosan’ wa’jleseyin, duri’si’n aytayi’n dedi. Men sag’an jali’nbayman. Bir basqa bir wo’lim. Men sizlerdi atadi’ dep qorqpayman. Men boldi’m. Men yendi seni

ko’rmeymen de, sag’an kelmeymen de,–dedi de wol tez–tez ju’rip ketti. Sekretar lal boli’wi’ menen woni’n’ izinen qarap qala berdi» (33-bet).

Bul povestte shi’n ma’nisindegi nag’i’z social–psixologiyali’q ha’m siyasi’y–ja’miyetlik a’hmiyetke iye konfliktlerdin’ keskinlesken situaciyalari’ndag’i’ dramali’q halatti’ ko’rsetiwshi dialog boli’p yesaplanadi’. Woni’ usi’laysha naqma–naqlasti’ri’p, ayqi’nlasti’ri’p berip woti’rg’anli’g’i’ da jazi’wshi’ talanti’ni’n’, woni’n’ tapqi’rli’g’i’ menen woyshan’li’g’i’ni’n’, sezimtalli’g’i’ni’n’ jemisi dep bahalawg’a tuwra keledi.

Uli’wma alg’anda Na’jim Da’wqaraevti’n’ bulaysha ayti’si’wlari’ menen shag’i’m arzalari’ hesh jerde ti’n’lanbaydi’. Al, woni’n’ isin institut partiya sho’lkemi menen xali’qi partiya komitetinde de qarag’an waqi’tlari’ tek g’ana yeki adam belgili ilimpaz Q.Ayi’mbetov penen tag’i’ birew g’ana maqullap, wol tuwrali’ jazi’lg’an maqalalardi’n’ duri’s yemes yekenligin, wolarda tek g’ana N.Da’wqaraev yemes, al xali’qti’n ruwxi’y ma’deniyati’, «Alpami’s» si’yakli’ su’yikli da’stani’, Berdaq shayi’r si’yakli’ a’diwli perzentleri qaralani’p ati’rg’anli’g’i’n aytsa da hesh kim bularg’a qulaq aspaydi’. Wolar N.Da’wqaraevti’ partiya ag’zalari’ qatari’nan shi’g’ari’wdi’ uyg’ari’p qarar qabi’l yetedi. Bul qarardi’n’ maqullani’wi’na, ha’tteki, belgili ali’mlardi’n’ biri, ataqli’ folklorshi’ ha’m Berdaqtani’wshi’ ilimpazlardi’n’ biri I.Sag’i’itov ta ilajsi’z qosi’li’p qol ko’tergen yedi. Bul da’wir jalasi’, da’wr qa’teligi yedi. Kerisinshe, sol waqi’tlari’ bolsa da, I.Sag’itovtay ilimpazlar N.Da’wqaraevti’n’ pikirinin’ duri’sli’g’i’n tu’sinbewi mu’mkin yemes. Al, sol ji’llari’ partiyani’n’ isin, woni’n’ aytqani’n islemew, yamasa wolarg’a qarsi’ pikir ayti’w wo’lim menen bara –bar, yaki bolmasa uzaq mu’ddetke qamali’p ketip, iyt jekke awi’lg’a su’rgin yetiliwi turg’an ga’p yedi. Solardi’n’ bir ko’rinisi povestte duri’s ko’rsetip su’wretlengenligindey N.Da’wqaraevti’n’ 1953-ji’li’ mezgilsiz wo’limi menen juwmaqlanadi’. Wog’an doktorlar qag’azg’a qaramawi’, Tashkentke bari’p yemleniwdi ma’sla’ha’t yetse de, wo’jet ha’m principial ali’m wo’z pikirinin’ duri’sli’g’i’n da’lillew joli’nda qurban boladi’.

Povestte jazi'wshi' N.Da'wqaraevti'n' pikirlerinin' duri'sli'g'i'n da'lillewshi ilimiy pikirlerdin' mazmuni'n da ha'm wog'an qarama–qarsi' bolg'an yefimov, Savickiy, Na'renov si'yaqli'lardi'n' maqalalari'ni'n' qa'te, jala tiykarlari'na quri'lg'anli'g'i'n, ji'ynali'slardi'n' naduri's bag'darlari'n si'patlawshi' dialoglardi' di' ko'plep, moldan keltirgen faktlerdi paydalang'an. Bizin'she bulardi'n' barli'g'i' ko'pshilik jag'dayda jadag'ay avtorli'q bayanlamalar, ta'siri kem publicistikali'q stilde berilgenlikten wolar konshiliktin' di'qqati'n tartpaydi'. Woni'n' u'stine bulardi'n' mazmuni' ilimiy aublicistikali'q stilde bunnan buri'n professor S.Axmetovti'n' miynetlerinde[1] ayqi'n keltirip da'liyllengen pikirlerdin' mazmuni'n quraydi'. Ma'sele bunda yemes, al sol keltirilgen faktler mazmuni'ni'n' nag'i'z ko'rkem obrazli' tu'rde woqi'wshi'larg'a duri's jetkeriliwi yele bul povestte kemislik yete beretug'i'nli'g'i' si'yaqli'.

Bul tariyxi'y povestte konfliktler menen qaharman obrazi'n jasawdag'i' sheberligindegi tag'i' bir yeskertilmey wo'tilgen jag'day sol, bizin' baqlawi'mi'zsha ataqli' ali'm N.Da'wqaraevti'n' birtalay su'yikli sha'kirtleri jetkilikli bolg'an ha'm wolardi'n' bug'an, Na'jimnin' wolarg'a su'ypenshiligi sheksiz yekenligi bir qansha baspa so'z materiallari'nda sa'wlelengen. Solardi'n' biri biz joqari'da yeskertip wo'tken ali'm tuwrali' yestelikler ji'ynag'i' desek boladi'. Wonda ataqli' ilimpazlardan S.Axmetov, Q.Bayniyazov, G.Yesemuratov, A'.Paxratdinovlardi'n' jaqsi' yeske tu'siriwlerni, wori'nli' pikirleri bar. Mine, bunnan basqa da awi'zeki ha'm jazba hu'jjetlerde Da'wqaraev tuwrali' unamli' pikirler mol yekenligi dawsi'z. Qi'sqasi', povesttin' aqi'rg'i' bo'limleri biraz asi'g'i's ha'm bir ta'repleme publicistikali'q tu'rdegi wocherklik bayanlaw usi'li'nda jazi'lg'ani' seziledi.

---

[1] Ахметов С. Қарақалпақ әдебий критикасы ҳәм әдебият илими тарийхынан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий сыны. Нөкис, «Билим», 1993.

## II.2. S.Bahadi’rovani’n’ «Tomaris ha’m Kir» povestinde qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi

Jazi’wshi’ S.Bahadi’rovani’n’ «Tumaris ha’m Kir»[1] povesti g’a’rezsizlik da’wiri prozasi’nda tariyxi’y temani’n’ su’wretleniwine belgili u’les boli’p qosi’ldi’.

Wo’tken a’sirdin’ 70-ji’llari’nda I.Yusupovti’n’ «Tumaris» poemasi’ni’n’ do’regenligi belgili. Al, g’a’rezsizlik da’wirine kelip I.Yusupov scenariyi tiykari’nda «Tumaris» operasi’ni’n’ Berdaq ati’ndag’i’ sazli’ teatr ja’ma’a’ti ta’repinen saxnalasti’ri’li’wi’ milliy ma’deniyati’mi’z tariyxi’nda u’lken waqi’ya boldi’.

Bizin’ erami’zg’a shekemgi VI a’sirde Iran shaxlari’ (Axamaniyler) Worta Aziyani’n’ ko’pshilik jerlerin basi’p alg’anli’g’i’ ma’lim. Sak-massagetler wo’z azatli’g’i’ ushi’n Kirge qarsi’ gu’resken. Kirdin’ a’skerleri jen’ilip, wo’zi uri’s maydani’nda wo’ltiriledi. Usi’ waqi’ya tiykari’nda do’regen Tumaris qaharmanli’q eposi’ bizin’ da’wirimizge kelip jetpegeni menen woni’n’ mazmuni’ grek tariyxshi’si’ Gerodotti’n’ «Tariyx» kitabi’nda gu’rrin’ yetilgen. Bul qaharmanli’q a’psanani’n’ tariyxqa qatnasi’ haqqi’nda belgili ali’mlar S.P.Tolstov, Ya.Gulyamovlar[2] ha’m wo’zbek a’debiyatshi’ ali’mi’ N.Mallaev birinshilerden boli’p pikir bildiredi ha’m «Tumaris eposi’ worta Aziya xali’qlari’ni’n’ shet yel basqi’nshi’lari’na qarsi’ ali’p barg’an ma’rdana gu’resinin’ ko’rkem sa’wlesi»-dep jazadi’[3]. Bul haqqi’nda qaraqalpaq a’debiyatshi’ ali’mlari’ S.Bahadi’rova[4] ha’m Z.Bekbergenovalar[5] da pikir bildirgen. Bul ati’ atalg’an ilimiy, a’debiy-publicistikali’q a’debiyatlarda sa’wlelengenindey, a’sirese, tariyxti’n’ atasi’ Gerodotti’n’ jazi’wi’nsha uri’s maydani’nan shi’qqan Tumaris dushpani’na qarata: «Sen ti’ni’shli’qti’ qa’lemeysen’, sol sebepli ken’esimizge ko’nbey, massagetler menen

---

[1] Баҳадырова С. Томарис ҳәм Кир. «Әмиўдәрья», 1999, №2,3.
[2] Толстов С.П. По следам древнехорезмской цивилизации. 1948
[3] Маллаев Н. Ўзбек адабиёти тарихи. Тошкент: «Ўқитувчи», 1976, 49-б.
[4] Баҳадырова С. Томарис ҳ.т.б. //«Еркин Қарақалпақстан»,
[5] Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде тарийхый теманың сүўретлениўи//«Әмиўдәрья», 2008, №5-6, 119-121-бб.

qi’ri’li’si’wdi’ woylaysan’, da’ryag’a ko’pir sog’aman dep a’were boli’p woti’rma. Bizge aytsan’, biz sag’an ma’lel bermesten, da’ryadan u’sh ku’nlik jolg’a ko’ship ketemiz, biyma’lel da’ryadan wo’tesen’, wonnan son’ ju’zbe-ju’z uri’sami’z. Yeger biz benen da’ryani’n’ sen turg’an jag’asi’nda uri’spaqshi’ bolsan’, woni’ ayt, bug’an da i’razi’mi’z, tek na’ma’rtlik qi’lma»-deydi. Lekin, Kir hiylekerlik penen Tumaristin’ balasi’ Sparganiz basshi’li’g’i’ndag’i’ bir topar massagetlerdi ma’s yetip qolg’a tu’siredi. Tumaris bug’an ashi’wlani’p: «A’y qanxor Kir, qi’lg’an isin’ menen maqtanbay-aq qoy! Sen menin’ uli’mdi’ ju’zbe-ju’z uri’sta jen’genin’ joq, woni’ aldap, sharap ishkizip qolg’a tu’sirdin’. Yendi menin’ ken’esim Kir, balamdi’ mag’an tapsi’ri’p, kelgen jerin’e zi’yansi’z qayt. Yeger so’zime kirmesen’, massagetler ta’n’iri Quyash ati’ menen ant yetemen, men sendey juwhani’ qan menen suwg’araman»-deydi. Kir bul so’zlerge qulaq aspaydi’, uri’s dawam yetedi. Tumaris basqarg’an massagetler Kir a’skerlerin jen’edi ha’m woni’ wo’ltiredi. Tumaris Kirdin’ gellesin qan menen tolti’ri’lg’an meske saladi’ ha’m wo’z uri’si’na juwmaq jasaydi’: «A’y, na’ma’rt, sen meni–uri’sta seni hadal jen’ip shi’qqan bir hayaldi’ ma’kkarli’q penen uli’nan ayi’ri’p, perzent dag’i’nda ku’ydirdin’, sen wo’mirin’ boyi’ qang’a toymadi’n’. Men wo’z anti’mdi’ wori’nlap, seni qan menen suwg’ardi’m. Birewdin’ jurti’na zorli’q qi’li’p basi’p kirgenlerdin’ jazasi’ sol»-deydi[1].

Jazi’wshi’ S.Bahadi’rova «Tumaris ha’m Kir» povestinde tariyxi’y–a’psanali’q dereklerdi teren’ u’yrengenligi ha’m wolarg’a do’retiwshilik penen qatnas jasap, uzaq wo’tmish waqi’yalari’na ko’rkem fantaziya arqali’ jan yendirip, bu’gingi kitap woqi’wshi’si’na ko’rkem obrazlar ja’rdeminde jetkergenligi di’qqatqa i’layi’q.

Jazi’wshi’ povestte barli’q waqi’ya ha’m ha’diyselerdi bas qaharman Tumaris penen Kir a’tirapi’na ja’mlep beriwge ti’ri’sqan. YAg’ni’y, povesttin’ syujetlik-kompoziciyali’q worayi’nda ha’m ko’rkem obrazlar du’nyasi’nda basli’ wori’ndi’ iyeleytug’i’n massagetler patshasi’ Tumaristin’ ma’rtlik isleri

[1] Геродот. История в 9 х книгах. Л., 1972

menen bahadi’rli’g’i’, anali’q mehir-muhabbati’ qari’si’p su’wretlense, al, woni’n’ dushpani’ Kirdin’ basqi’nshi’li’q ha’reketleri menen hiylekerligi parallel ra’wishte ashi’ladi’. Basqasha aytqanda, avtordi’n’ syujetlik waqi’yalardi’ parallel kompoziciyag’a sheber jaylasti’ri’wi’ woni’n’ tariyxi’y haqi’yqatli’qti’ ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wi’na u’lken xi’zmet islegen. Usi’ maqsette povest waqi’yalari’ bir neshe bo’limlerge bo’linip, wolar tiykari’nan, avtor tilinen bayanlang’an. Jazi’wshi’ ha’r bir bo’lim basi’nda Avesto yesteliginen ha’m xali’q an’i’z-a’psanalari’nan ali’ng’an danali’q so’zlerdi epigraf si’pati’nda sheber tu’rde paydalang’an. Bul na’rse avtor poziciyasi’n ani’q ha’m sheber tu’rde shi’g’armani’n’ bayanlaw quri’li’si’na yendiriwge xi’zmet yetken. Povesttegi awi’zeki ha’m jazba dereklerden ali’ng’an ayi’ri’m syujetlik elementler menen detallar tariyxi’y da’wirdin’ ko’rkem ji’lnamasi’n jarati’wg’a xi’zmet yetkenligin biliwge boladi’. Avtor shi’g’armani’n’ geypara jerlerinde lirikali’q sheginis arqali’ Siriya ta’n’iri Dekrettin’ qi’zi’ Simma ta’rbiyalag’an Semiramida, sonday-aq Midiya a’skerbasi’si’ Striangey ha’m saklardi’n’ hayal patshasi’ Zarina tuwrali’ a’psanalardi’ da kelitirip wo’tedi. Bul arqali’ avtor Tumaristin’ jalg’i’z bolmag’anli’g’i’, hayallar basqarg’an patshali’qti’n’, yelin qorg’ag’an bati’r qi’zlardi’n’ a’yyemgi da’wirden bar yekenligine ishara yetedi. Bul mifologiyali’q ha’m a’psanali’q qaharmanlar haqqi’nda qaraqalpaq a’debiyatshi’si’ S.Bahadi’rova wo’zinin’ maqalalar du’rkininde ken’ tu’rde ayti’p wo’tken yedi[1].

Jazi’wshi’ tariyxi’y haqi’yqatli’qti’ ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wda ko’rkem woylaw imkaniyatlari’nan sheberlik penen paydalang’an. A’lbette, buni’si’z avtor toli’q mazmundag’i’ tipik qaharman obrazi’n jarati’w qi’yi’n yekenligin teren’ sezingen. Sonli’qtan da povesttegi Tumaris, Kir, Sparganiz obrazlari’ni’n’ a’debiy tip da’rejesine ko’teriliwinde avtor qi’yali’ni’n’ jemisi bolg’an obrazlardi’n’, mi’sali’, Tumaristin’ bas a’skerbasi’si’ Krat, aqi’lgo’yi Zaridr, a’skerbasi’ woksiart, an’shi’ jigit Panay, Kirdin’ a’sker basi’si’ Kambiz

[1] Баҳадырова С. Томарис ҳәм Кир. «Әмиўдәрья», 1999, №2,3.

si’yaqli’ toqi’ma obrazlardi’n’ ja’rdemi wog’ada u’lken. Bul personajlar shi’g’armani’n’ bastan ayag’i’na qatnaspasa da, waqi’yani’n’ bir tutas tu’rde izbe-iz rawajlani’p bari’wi’nda, ani’g’i’rag’i’, jazi’wshi’ni’n’ ideyasi’n wo’z maqsetine jetkerip beriwde sheshiwshi xi’zmet atqaradi’[1].

Povestte jazi’wshi’ sak-massaget qa’wimlerinin’ turmi’s-ta’rizin, u’rp-a’det da’stu’rlerin, yeski inani’mlar menen tu’siniklerin ko’rkem sa’wlelendiriwde bizin’ erami’zg’a shekemgi VII-VI a’sirlerde worta Aziya, Iran ha’m A’zerbayjanda ken’nen tarqalg’an Zoroastrizm dininin’ muqaddes kitabi’ bolg’an Avestog’a su’yengenligi ha’m yeski ay atamalari’ menen ta’biyat ko’rinislerin su’wretlewge ayri’qsha di’qqat awdarg’anli’g’i’ u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’radi’. Buni’n’ u’stine massagetler paydalang’an qural-jaraqlar, a’skeriy uri’s wo’neri menen wolar jaylag’an ma’kan jerler, qon’si’las woti’rg’an yellerdin’ geografiyali’q atamalari’ da sol da’wirge say ra’wishte su’wretlengenligi shi’g’armani’n’ konkretlilik, tariyxi’yli’q si’patlari’ni’n’ asi’wi’na xi’zmet islegen. Bul wo’z gezeginde woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’nda uzaq wo’tmish waqi’yalari’ni’n’ isenimli tu’rde su’wretleniwine xi’zmet yetedi.

Povestte Tumaris obrazi’ni’n’ jetiskenligi sonda–ol tek wo’z xalqi’ni’n’ g’a’rezsizligi, azatli’g’i’, ti’ni’shli’g’i’ menen abadanli’g’i’n si’rtqi’ dushpanlardan ma’rtlershe qorg’ag’an bahadi’r hayal, patsha obrazi’nda g’ana qali’p qoymag’an. Wol aldawli’qta Kirge bende boli’p qolg’a tu’sken balasi’ Sparganizdin’ da’rtinen bawi’ri’ ku’yip ku’l bolg’an japakesh hayal obrazi’nda da ko’birek sa’wlelengen. Yeger de biz jaqi’n wo’tmishtegi socialistlik realizm a’debiyati’nda qaharman obrazi’ni’n’ bir ta’repleme, tek woni’n’ klassli’q ko’zqarastan belsendi si’pati’nda g’ana su’wretleniwine ko’birek itibar bergenligin, al woni’n’ ishki psixologiyali’q tebirenisleri, shaxsti’n’ dramatik halati’ sayada qali’p qoyg’anli’g’i’n yesapqa alsaq, S.Bahadi’rova ta’repinen jarati’lg’an Tumaris ana obrazi’ni’n’ salmag’i’ ja’ne de arta tu’sedi. …Ana biysharani’n’ ju’regi yeljirep, jer bawi’rlap ji’lag’i’si’ keledi, biraq. bul wog’an

[1] Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде тарийхый теманың сүўретлениўи//«Әмиўдәрья», 2008, №5-6.

mu’mkin yemes. Bar dawi’si’ menen wo’kirip alg’i’si’ keledi, betlerin juli’p, shashlari’n jayi’p, jer dastani’p bar dawi’si’ menen jer du’nyani’ gu’n’irendirgisi keledi, biraq, bul na’rse patshag’a mu’mkin yemes. «Aldi’mda ju’rsen’–aybati’m, keynimde ju’rsen’–g’ayrati’m, quli’ni’m, tulpari’m, bu’rkitim, ko’kke ushsam–qanati’m, jerde ju’rsem–tiregim, jan balam, dushpan qoli’nda qanday ku’yde yekensen’, tirime yekensen’?»-dep yemirenedi ana ju’regi. Biraq Tumaris ishindegini si’rtqa bildirmedi[1]. Povesttegi Tumaris obrazi’ boyi’na moyi’mas ku’sh-jigerdi ji’ynag’an ha’m wo’z perzentine bolg’an mehir-muhabbatti’ ja’mlegen shi’g’i’s hayallari’ni’n’ bati’rli’q ti’msali’.

Wol wo’z dushpani’ Kirge qarata:

«Men sizdi na’ma’rtlik yetip abaysi’zda, ya aldap qolg’a tu’sirip dar arqani’ asti’na aparmayman. Siz uri’s izlep keldin’iz. Qa’ne shi’q sawashqa, yekewmiz ali’sami’z! yelimdi wayran yettin’, ti’ni’sh woti’rg’an xali’qti’ ji’latti’n’, jerimnin’ betin qi’zi’l qang’a boyadi’n’. Suw worni’na adam qani’n suwday ag’i’zdi’n’. Balamdi’ qurban yettin’, jalg’i’z jigerbentimnen ayi’rdi’n’. Sag’an tek wo’lim miyasar. Woni’ da men islewim kerek! Tumaris qa’ha’rge mindi. Wol Kir menen ali’si’wdan-aq qi’li’shi’n bir siltegende Kirdin’ gellesi toptay domalap ushi’p tu’sti»[2].

Povest son’i’nda Tumaris massagetler ha’m Ku’n ta’n’iri aldi’nda bergen anti’n wori’nlap Kirdin’ qalayi’nsha wo’lgenligin keleshek a’wladqa jetkerip beriwin na’siyat yetedi.

Usi’layi’nsha povesttin’ ko’pshilik wori’nlari’nda, ha’tteki, juwmag’i’nda da avtordi’n’ ko’zqaraslari’ ani’q ra’wishte ko’rinip turadi’. Bunda jazi’wshi’ hayal patshani’n’ basqa yellerdi jawlap ali’p qan to’giwlerden go’re paraxat jol menen kelisiwdi ha’m jawi’zli’qtan go’re ti’ni’sh tati’w turmi’s keshiriwdi maqul ko’rgenligin qaharmanni’n’ dialog ha’m monologlari’nda, ishki woy-keshirmelerinde sheberlik penen iske asi’rg’an.

---

[1] Баҳадырова С. Томарис ҳәм Кир. «Әмиўдәрья», 1999, №3, 31-б.
[2] Баҳадырова С. Сонда. 39-40-бб

Tumaristin’ hayal ha’m ana retinde uri’sti’ jek ko’rgenligin ha’m sak-massagetlerdin’ basqa yellerge birinshi boli’p uri’s ashpag’anli’g’i’n bu’gingi tariyxshi’lari’mi’zdi’n’ miynetlerinde de ko’remiz[1].

S.Bahadi’rova tariyxi’y miynetlerdegi bul mag’li’wmatlarg’a su’yengen halda qa’lem terbetkenligin ko’remiz. Jazi’wshi’ povestte Tumaris obrazi’n jarati’w bari’si’nda ko’rkem fantaziyadan wo’nimli paydalang’anli’g’i’ menen de, tariyxi’y haqi’yqatli’qqa qi’lapli’q qi’lmawg’a, gu’manli’, isenimsiz su’wretlewlerge, subektivizmge jol qoymawg’a ti’ri’sadi’. Bul na’rsege povesttin’ ko’pshilik jerlerinde yerisken de. Wo’ytkeni wol wo’zinen aldi’n’g’i’ Tumaris obrazi’n jasag’an wo’zbek jazi’wshi’si’ Mirkarim wosimnin’ «Tumarisa» povestindegi, I.Yusupovti’n’ «Tumaris» poemasi’ndag’i’ su’wretlewlerdi ta’kirarlamay, tariyxi’y haqi’yqatli’qqa ila’ji bari’nsha woriginal tu’rde jantasi’wg’a umti’lg’an. Bul na’rse wo’z jemisin bergen. Wo’ytkeni jazi’wshi’ bul povestti jazi’wg’a u’lken ko’rkem ha’m ilimiy ta’jiriybe menen kirisken. Woni’n’ «Keshikken soldat», «Hayallar» povestlerin, «Ta’g’dir» dilogiyasi’n, ko’plegen gu’rrin’lerdi jazi’wi’ ha’m basti’ri’p shi’g’ari’wi’, kandidatli’q ha’m doktorli’q dissertaciyalardi’ jaqlaw bari’si’ndag’i’ u’lken ko’nlikpeleri, qullasi’, ilimiy ha’m ko’rkem woylawdi’ bir-birine sheber sintezlewi arqali’ «Tomaris ha’m Kir» shi’g’armasi’n jazg’anli’g’i’ tariyxi’y povesttin’ sa’tli shi’g’i’wi’na wo’z ta’sirin tiygizgen.

Juwmaqlap aytqanda, g’a’rezsizlik da’wirindegi tariyxi’y temag’a arnalg’an povestlerdi tallap qarag’ani’mi’zda wolardi’n’ avtorlari’ su’wretlenip ati’rg’an da’wir haqi’yqatli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wda biraz tabi’slardi’ qolg’a kirgizgeni, bunda jazi’wshi’lardi’n’ tariyxi’y ha’diyselerge, tulg’alarg’a, wolardi’n’ is-ha’reketlerine g’a’rezsizlik zamani’ ideologiyasi’ ko’zqarasi’nan kelip shi’g’i’p jantasqani’, buri’ng’i’ totalitar dizimi a’debiyati’ni’n’ tariyxi’y qaharman obrazi’n jasawdag’i’ sarqi’tlari’nan biyg’a’rez qa’lem terbetkenligi u’lken a’hmiyetke iye bolg’an. Buni’ biz, S.Bahadi’rovani’n’ «Qanati’nan qayri’lg’an sun’qar», «Tomaris ha’m Kir»,

---

[1] Базарбаев Ж. Бизиң арғы тегимиз массагетлер Ким болған? «ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы», №3, 69-70-бб.

Ye.U’senovti’n’ «Xanmaqsi’m» povestleri mi’sali’nda ko’rip wo’ttik. Tariyxi’y temag’a bag’i’shlang’an bul povestlerdi jazi’wdag’i’ jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’ toplag’an ko’rkem ta’jiriybeleri keleshekte bul.janrdi’n’ bunnan bi’lay da rawajlani’wi’na unamli’ ta’sir jasaytug’i’nli’g’i’ ani’q.

## JUWMAQ

Yelimizde g'a'rezsizliktin' wornawi' menen a'debiyati'mi'z jan'a ideyali'q-tematikali'q ha'm janrli'q-stillik bag'darlarda rawajlana basladi', ko'rkemlik sapasi' artti'. Ko'p a'sirlik rawajlani'w da'stu'rine iye poeziya menen bir qatarda, milliy proza bul da'wirde wo'zinin' rawajlani'wi'ni'n' jan'a basqi'shi'na wo'tti. A'sirese bul na'rse turmi's shi'nli'g'i'n su'wretlewde u'lken tabi'slardi' qolg'a kirgizgen povest janri'na da tiyisli. G'a'rezsizlik da'wirindegi povest janri'ni'n' rawajlani'wi'nda buri'nnan qa'lem terbetip kiyati'rg'an T.Qayi'pbergenov, Sh.Seyitov, A.Sadiqov, K.Ma'mbetov h.t.basqalar menen birlikte S.Bahadi'rova, M.Ni'zanov, K.Allambergenov, A.Sultanov, Ye.U'senov, A.A'bdiev qusag'an jazi'wshi'lardi'n' do'retiwshiligi u'lken a'hmiyetke iye. Ati' atalg'an jazi'wshi'lardi'n' ishinde, a'sirese, S.Bahadi'rova, M.Ni'zanov, A.Sultanov, Ye.Yu'senovlardi'n' g'a'rezsizlik da'wirindegi qaraqalpaq povest janri'n rawajlandi'ri'wdag'i' worni' yelewli boldi'. Wolardi'n' qa'lemine tiyisli shi'g'armalari' ha'zirgi prozami'zda povest janri'ni'n' ideyali'q-tematikali'q ha'm janrli'q stillik rawajlani'wi'na u'lken ta'sir jasadi'. Usi' ko'z qarastan wolardi'n' g'a'rezsizlik da'wirinde jazi'lg'an S.Bahadi'rovani'n' «Qanati'nan qayri'lg'an sun'qar», M.Ni'zanovti'n' «Aqshagu'l», A.Sultanovti'n' «Nekesiz muhabbat», «Jasli'qta bergen kewil», Ye.U'senovti'n' «Xanmaqsi'm» povestlerinin' basi'li'p shi'g'i'wi' milliy prozami'zdi'n' ha'r ta'repleme rawajlani'wi'na u'les boli'p qosi'ldi'.

1. Milliy g'a'rezsizlik ji'llari'nda jari'qqa shi'qqan povestlerimiz tuwrali' so'z yetkenimizde, yen' aldi' buri'n tariyxi'y ha'm tariyxi'y hu'jjetli povestlerge di'qqat awdari'w maqsetke muwapi'q boladi'. Buni'n' yen' tiykarg'i' sebeplerinin' biri si'pati'nda wolardag'i' a'debiy konfliktler menen qaharman obrazi'n jasawda wolardi'n' avtorlari'ni'n' milliy g'a'rezsizlik ideologiyasi'na say tu'rde qa'lem terbetkenliginin' gu'wasi' bolami'z. Usi'nday ko'zqarastan kelip shi'g'a woti'ri'p, biz S.Bahadi'rovani'n' «Tumaris ha'm Kir», «Qanati'nan qayi'ri'lg'an sun'qar», Ye.U'senovti'n' «Xanmaqsi'm», A'.Paxratdinovti'n' «Aydos baba», Sh.Usnatdinovti'n' «I.Yusupov. Shayi'rdi'n'

jasli’g’i’» atli’ shi’g’armalari’nda a’debiy qaharmanlar obrazi’ jan’asha ko’zqaras tiykari’nda jasalg’anli’g’i’n ko’remiz. Ma’selen, «Tumaris ha’m Kir» shi’g’armasi’nda tu’rkiy xali’qlardi’n’ tariyxi’nda ayi’ri’qsha iz qaldi’rg’an iri tulg’a Tumaris, «Qanati’nan qayri’lg’an sun’qar» shi’g’armasi’nda ataqli’ ali’m, worta Aziya a’debiyattani’w iliminde da’slepki ilim doktori’, milliy a’debiyati’mi’z u’lgilerin tis ti’rnaqlap ji’ynag’an ha’m wolardi’ bir ilimiy sistemag’a sali’p izertlegen ilimpaz, jazi’wshi’, shayi’r, dramaturg, awdarmashi’ Na’jim Da’wqaraev, XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ milliy azatli’q ha’reketlerinin’ ko’rnekli basshi’lari’ni’n’ biri Xanmaqsi’m (Ubaydulla Bahawatdin iyshan uli’), «Aydos biy» shi’g’armasi’nda XIX a’sirdin’ I yari’mi’nda qaraqalpaqlardi’n’ milliy azatli’q ha’reketlerinin’ basshi’si’ Aydos biy, yen’ keyingi ati’ atalg’an povestte ataqli’ shayi’r I.Yusupov si’yaqli’ yel azamatlari’ni’n’ jarqi’n obrazlari’ talapqa muwapi’q tu’rde ashi’p berilgenligin ko’remiz. Wolarda ati’ atalg’an tariyxi’y tulg’alar menen tariyxi’y g’ayratkerlerdin’ a’debiy obrazlari’, birinshiden, tariyxi’y jazba hu’jjetlerge tiykarlani’p jarati’lsa, yekinshiden, xali’q arasi’nda saqlani’p kiyati’rg’an awi’zeki materiallarg’a tiykarlani’p jarati’lg’anli’g’i’ di’qqatqa i’layi’q. Ati’ atalg’an talantli’ qa’lem iyelerimiz ko’rkem a’debiyatta tariyxi’y qaharman obrazi’n do’retiwdin’ joqari’dag’i’ yeki principine say tu’rde qa’lem terbetken. Buni’n’ u’stine jazi’wshi’ ko’rkem obrazlardi’ sheber jarati’wmaqsetinde turmi’sli’q, siyasi’y-ja’miyetlik qarama–qarsi’li’qlardi’ wo’z shi’g’armalari’ni’n’ konfliktine tiykar yetip alg’anli’g’i’n abaylawi’mi’zg’a boladi’. Demek, usi’ negizgi u’sh ma’sele a’tirapi’nda, birinshiden, tariyxi’y hu’jjetlerdi, yekinshiden, awi’zeki materiallardi’ duri’s tan’lap paydalani’wdi’, u’shinshiden, da’wir xarakterine sa’ykes qarama-qarsi’li’qlardi’ shi’g’armani’n’ a’debiy konfliktlerine aylandi’ri’wdi’ sheberlik ko’rsetkenligin, usi’ni’n’ arqasi’nda a’debiy qaharmanlardi’n’ obrazlari’n teren’lestirip ashi’w imkaniyati’nan mol paydalang’anli’g’i’n biliwge boladi’.

2. XX a’sir qaraqalpaq prozasi’ni’n’ pu’tkil milliy a’debiyati’mi’zdi’ wo’zbekstan, buri’ng’i’ Awqam, ha’tteki, ayi’ri’m shet yellerde de tani’ti’wi’nda basli’ wori’n iyeleytug’i’ni’ bu’gingi ku’nde a’debiy-estetikali’q

woy-du’nyami’zda moyi’nlang’an shi’nli’q. Bunda roman janri’ni’n’ salmaqli’ wori’n iyeleytug’i’nli’g’i’na daw joq. Degen menen, turmi’s shi’nli’g’i’n epikali’q jobada su’wretlewdin’ ja’ne bir tu’ri bolg’an povest janri’ da wo’zine jarasa ju’kti tarti’p ju’rmekte. Wol XX-XXI a’sirdin’ a’debiyati’nda da’wirden’ yen’ quramali’ ha’m qospali’ ma’selelerin su’wretlewde, zamanlaslari’mi’zdi’n’ ruwxi’y kelbetin ashi’p beriwde wo’zinin’ i’layi’qli’ worni’na iye boldi’. Bul jo’ninde qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde M.Nurmuxamedov, S.Axmetov, Q.Maqsetov, K.Ma’mbetov, S.Allayarov, Z.Nasrullaeva, A’.Nasuri’llaev, G.Yesemuratov, S.Bahadi’rova, keyin ala, Q.Ja’rimbetov, K.Allambergenov, I.Wo’tewliev, J.Yesenov, Q.Worzi’mbetov, P.Nurjanov, Z.Bekbergenova, H.Wo’temuratova ha’m t.b. a’debiyatshi’lari’mi’zdi’n’ miynetlerinde bahali’ pikirler bar.

3. Milliy g’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ povestler arasi’nda jas qa’lem iyelerinin’ biri Yesnazar U’senovti’n’ «Xanmaqsi’m» shi’g’armasi’nda da tariyxi’y qaharman obrazi’ jan’asha ko’zqarastan ali’p su’wretlengenligi menen di’qqatti’ wo’zine qaratadi’. Sebebi, usi’ waqi’tqa shekem tariyx ilimi menen ko’rkem a’debiyatta Xanmaqsi’m–Ubaydulla Bahawatdin uli’ unamsi’z tiplerdin’ biri, xali’q yezip kelgen ruwxaniyler qatari’nda sa’wlelengen bolsa, al bunda g’a’rezsizlik ruwxi’ni’n’ ko’zqarasi’nan ali’p, jazi’wshi’ milliy azatli’q ha’reketinin’ jolbasshi’lari’ni’n’ qatari’nda, haqi’yqat xali’q g’amxorshi’si’, xalqi’mi’zdi’n’ wo’tkendegi ma’deniy, ruwxi’yli’q ha’m a’dep ikramli’q salt–da’su’rlerin qorg’awshi’, yeldi wori’slardi’n’ basi’p ali’wi’nan asi’rawshi’, watani’mi’zdi’ jat jerliklerdin’ ayaq asti’ yetiwinen tazarti’wshi’lardi’n’ biri si’pati’nda ali’p su’wretlengen. A’lbette, tariyx ilimi menen buri’ng’i’ ko’rkem a’debiyattag’i’ wori’n ali’p ketken unamsi’z tendenciyag’a birden qarsi’ turi’p, jan’asha jol tawi’p ha’m woni’ ko’rkemlik poetikali’q principte su’wretlew an’satqa tu’speydi. Bul ushi’n yen’ aldi’ menen jan’asha turmi’sli’q materiallar menen birge buri’ng’i’ qarama–qarsi’ bolg’an ko’rkemlik yestetikali’q, poetikali’q principlerdi de jazi’wshi’ wo’z boyi’na turaqli’ tu’rde qa’liplestirip

ali'wi' lazi'm. Usi' ko'zqarastan alg'anda Ye. U'senovti'n' povestinde tilge alarli'q ko'p g'ana tabi'slar bar.

4. S.Bahadirovani'n' «Qanati'nan qayri'lg'an sun'ar» tariyxi'y povestinde bizin' baqlawi'mi'zsha ataqli' ali'm N.Da'wqaraevti'n' birtalay su'yikli sha'kirtleri jetkilikli bolg'an ha'm wolardi'n' bug'an, Na'jimnin' wolarg'a su'ypenshiligi sheksiz yekenligi bir qansha baspa so'z materiallari'nda sa'wlelengen. Solardi'n' biri biz joqari'da yeskertip wo'tken ali'm tuwrali' yestelikler ji'ynag'i' desek boladi'. Wonda ataqli' ilimpazlardan S.Axmetov, Q.Bayniyazov, G.Yesemuratov, A'.Paxratdinovlardi'n' jaqsi' yeske tu'siriwlerni, wori'nli' pikirleri bar. Mine, bunnan basqa da awi'zeki ha'm jazba hu'jjetlerde Da'wqaraev tuwrali' unamli' pikirler mol yekenligi dawsi'z. Qi'sqasi', povesttin' aqi'rg'i' bo'limleri biraz asi'g'i's ha'm bir ta'repleme publicistikali'q tu'rdegi wocherklik bayanlaw usi'li'nda jazi'lg'ani' seziledi.

5. S.Bahadi'rova «Tomaris ha'm Kir» povestinde Tumaris obrazi'n jarati'w bari'si'nda ko'rkem fantaziyadan wo'nimli paydalang'anli'g'i' menen de, tariyxi'y haqi'yqatli'qqa qi'lapli'q qi'lmawg'a, gu'manli', isenimsiz su'wretlewlerge, subektivizmge jol qoymawg'a ti'ri'sadi'. Bul na'rsege povesttin' ko'pshilik jerlerinde yerisken de. Wo'ytkeni wol wo'zinen aldi'n'g'i' Tumaris obrazi'n jasag'an wo'zbek jazi'wshi'si' Mirkarim wosimnin' «Tumarisa» povestindegi, I.Yusupovti'n' «Tumaris» poemasi'ndag'i' su'wretlewlerdi ta'kirarlamay, tariyxi'y haqi'yqatli'qqa ila'ji bari'nsha woriginal tu'rde jantasi'wg'a umti'lg'an. Bul na'rse wo'z jemisin bergen. Wo'ytkeni jazi'wshi' bul povestti jazi'wg'a u'lken ko'rkem ha'm ilimiy ta'jiriybe menen kirisken. Woni'n' «Keshikken soldat», «Hayallar» povestlerin, «Ta'g'dir» dilogiyasi'n, ko'plegen gu'rrin'lerdi jazi'wi' ha'm basti'ri'p shi'g'ari'wi', kandidatli'q ha'm doktorli'q dissertaciyalardi' jaqlaw bari'si'ndag'i' u'lken ko'nlikpeleri, qullasi', ilimiy ha'm ko'rkem woylawdi' bir-birine sheber sintezlewi arqali' «Tomaris ha'm Kir» shi'g'armasi'n jazg'anli'g'i' tariyxi'y povesttin' sa'tli shi'g'i'wi'na wo'z ta'sirin tiygizgen.

Juwmaqlap aytqanda, g'a'rezsizlik da'wirindegi tariyxi'y temag'a arnalg'an povestlerdi tallap qarag'ani'mi'zda wolardi'n' avtorlari' su'wretlenip ati'rg'an da'wir haqi'yqatli'g'i'n ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'wda biraz tabi'slardi' qolg'a kirgizgeni, bunda jazi'wshi'lardi'n' tariyxi'y ha'diyselerge, tulg'alarg'a, wolardi'n' is-ha'reketlerine g'a'rezsizlik zamani' ideologiyasi' ko'zqarasi'nan kelip shi'g'i'p jantasqani', buri'ng'i' totalitar dizimi a'debiyati'ni'n' tariyxi'y qaharman obrazi'n jasawdag'i' sarqi'tlari'nan biyg'a'rez qa'lem terbetkenligi u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Buni' biz, S.Bahadi'rovani'n' «Qanati'nan qayri'lg'an sun'qar», «Tomaris ha'm Kir», Ye.U'senovti'n' «Xanmaqsi'm» povestleri mi'sali'nda ko'rip wo'ttik. Tariyxi'y temag'a bag'i'shlang'an bul povestlerdi jazi'wdag'i' jazi'wshi'lari'mi'zdi'n' toplag'an ko'rkem ta'jiriybeleri keleshekte bul.janrdi'n' bunnan bi'lay da rawajlani'wi'na unamli' ta'sir jasaytug'i'nli'g'i' ani'q.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR


1. Karimov I. A. Joqari’ ma’nawiyat–jen’ilmes ku’sh. Tashkent, «Manaviyat», 2008, 136, 139-140-bb.

2. Адабий турлар ва жанрлар (Коллектив). Тошкент, «Фан», 1991.

3. Ахметов С. Қарақалпақәдебий сыны. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1993.

4. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994.

5. Алламбергенов К. Дәуир, әдебият ҳәм талап. 1986-жылдың әдебий жыл жуўмағы // Әмиўдәрья, 1987. № 5.

6. Базарбаев Ж. Бизиң арғы тегимиз массагетлер ким болған? «ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы», №3, 69-70-бб.

7. Баҳадырова С. Қанатынан қайрылған суңқар. «Әмиўдәрья», 2007, №2, 14-бет

8. Баҳадырова С. Томарис ҳәм Кир. «Әмиўдәрья», 1999, №2, 3.

9. Баҳадырова С. Проза ҳаққында сөз еткенде // Әмиўдәрья.1985, № 2.

10. Баҳадырова С. «Китаби Дедем Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.

11. Бекбергенова М., Худайбергенов К. Реалистлик образлар // Әмиўдәрья. 1986, № 1.

12. Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде тарийхый теманың сүўретлениўи//«Әмиўдәрья», 2008, №5-6, 119-121-бб.

13. Бобоев Адабиётшунослик асослари. Тошкент, 2002.

14. Геродот. История в 9 х книгах. Л., 1972

15. Есемуратова Г. Бәри өмир ҳаққында. Нөкис, «Билим», 2006.

16. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары (ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде көркем психологизм проблемасы). Нөкис. «Қарақалпақстан», 1986.

17. Есенов Ж. Қаҳарманда ой толғанысы болса... Дәуир ҳәм талап. 1985-жылдың әдебий жыл жуўмағы // Әмиўдәрья. 1986, № 5.

18. Есенов Ж. Танылған тулғалар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2000.

19. Йўлдошов Қ. Ёниқ сўз. Ташкент, «Янги аср авлоди», 2006.
20. Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). Нөкис. «Қарақалпақстан», 1978.
21. Камалов Қ. Проза – 86 . Дәуир, әдебият ҳәм талап. 1986-жылдың әдебий жыл жуўмағы // Әмиўдәрья, 1987. № 5.
22. Камалов Қ. Кәрўан басы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1983
23. Мамбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995.
24. Насруллаева З. Традиция ҳәм заманагөйлик. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.
25. Носиров У. Ижодкор шахс, Бадий услуб. Автор образи. Тошкент, «Фан», 1981.
26. Нуржанов П. Көркем прозаның баянлаў усылы ҳәм оны изертлеўдиң айырым теориялық мәселелери // Әмиўдәрья. – Нөкис, 2002. - № 5.
27. Нуржанов П., Турдымуратова М. Ҳәзирги қарақалпақ повестин изертлеўдиң айырым мәселелери // Устаз газетасы, 2003, 4-декабрь.
28. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис, «Билим», 2003.
29. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993
30. Нуржанов П. Е.Үсеновтың «Ханмақсым» повести ҳаққында// «Қарақалпақстан жаслары», 2013, 12-декабрь;
31. Нуржанов П. «Қанатынан қайрылған суңқар»дың ҳақыйқатлығ//«Устаз жолы», 2013, 16-ноябрь.
32. Нурмухамедов М. Ҳәзирги қарақалпақ прозасының гейпара актуаль проблемалары // Әмиўдәрья. 1970, № 10.
33. Нурмухамедов М. Шығармалары жыйнағы. 2-том. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.
34. Нызанов М. Ақшагүл. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2004.
35. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М., ХХ әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2011.

36. Расулов А. Танқид. Талқин. Баҳолаш. Тошкент, «Фан», 2006.

37. Сагидуллаева Ж. Қорақалпоқ қиссаларида услубий изланишлар. Филол. фан. номз. … дис. автореф. Нукус. 2010.

38. Султанов А. Өмир өткеллери. Нөкис, «Билим», 2008.

39. Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977.

40. Султанов Қ. Т.Қайыпбергенов прозасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.

41. Толстов С.П. По следам древнехорезмской цивилизации. 1948

42. Үсенов Е. Ханмақсым. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997.

43. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

44. Ҳозирги ўзбек адабиётингинг миллий ўзига хослиги. (Коллектив). Тошкент, «Фан», 1994.